O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI
XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A’JİNİYaZ ATINDAG’I NO’KİS MA’MLEKETLİK
PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

S.S. Saytbekova, G.M.Bayniyazova

# MEKTEP OQIWShILARIN TA’RBİYaLAWDA ATQARIW ShEBERLİGİ MATERİALLARINAN PAYDALANIW

*(metodikalıq qollanba)*

NO’KİS-2013

***Du'ziwshiler:*** **S.S. Saytbekova, G.M.Bayniyazova**

Usınılıp atırg'an qollanbada Qaraqalpaq xalqının' biybaha ma'deniyatı, u'rp-a'det ha'm da'stu'rleri haqqında ken' mag'lıwmatlar berilgen.

Sonın` menen birge, turmısqa engizilip atırg`an oqıtıwdın` zamanago`y usıllarınan paydalanıwdın` teoriyalıq tiykarların, a`meliy usıllar negizinde oqıtıwdı jetilistiriwde paydalanıw ushın za`ru`r bolg`an metodikalıq usınıslar o`z sa`wleleniwin tapqan.

***Juwaplı redaktor:***

***K.M. Koshanov*** **-** A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı professorı, filologiya ilimlerinin` kandidatı.

***Pikir bildiriwshiler:***

1. ***M.Ayımbetov*** **-** A`jiniyaz atındag`ı NMPİ Baslawısh ta`lim metodikası kafedrası baslıg`ı, fiologiya ilimlerinin` doktorı.
2. ***T.İzimbetova*** **-** №4 Orta bilim beriw mektebinin` muzıka pa`ni oqıtıwshısı

**Metodikalıq qollanba A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı Oqıw-metodikalıq ken'esinin' qararı (29-iyun' 2013-jılg'ı 8-sanlı protokolı) menen baspadan shıg'arıwg'a usınılg'an.**

# *SO'Z BASI*

A'debiyat, muzıka ha'm muzıka ma'deniyatı boyınsha ulıwma bilim beretug'ın mekteplerdin' oqıw bag'darlamalarında mektep oqıwshılarına ta'lim-ta'rbiya beriw barısında qaraqalpaq xalqının' atqarıw sheberligi materiallarınan paydalanıw jag'dayı ma'selelerin u'yreniw bizge to'mendegi ko'rinisti anıqlawg'a mu'mkinshilik berdi.

Muzıka ha'm muzıka ma'deniyatı boyınsha ha'rekettegi mektep bag'darlamalarında da'stanlardın' bu'gingi ku'nge jetip keliwine ha'm olardı ko'rkemlik jaqtan bayıtıwg'a u'lken u'les qosqan da'stan atqarıwshılarına, olardın' do'retiwshiligine dıqqat bo'linbey atır. Da'stan namaları derlik tilge alınbaydı, biraq olar bizge ma'n'gilik miyras.

***Da'stan namaları -*** bul janlı xalıq jılnaması, onın' tariyxı, hawazı bolıp, onnan pu'tkil a'wladlar danalıqtı, a'dep-ikramlılıqtı, ruwxıy sıpatlardı u'yrengen. Bizin' pikirimizshe, bulardın' barlıg'ın biri-birinen ajıratıp qarawg'a, itibarsız qaldırıwg'a bolmaydı.

Ulıwma bilim beretug'ın mekteplerde oqıwshılardı ha'r ta'repleme jetik etip ta'rbiyalaw ushın a'debiy ha'm muzıkalıq bilimlerdi iyelewi, awızeki xalıq do'retpeleri, sonın' ishinde, da'stan tekstleri ha'm namalarınan jeterli da'rejede paydalanıw maqsetke muwapıq.

Metodikalıq qollanba ulıwma bilim beriw mekteplerinde, mektep oqıwshılarının` muzıkalıq sawatlılıg`ın arttırıwda, usı salada a`meliy ha`m teoriyalıq bilimlerin teren`lestiriwde, a`sirese xalıq namaları, da`stanlıq shıg`armalardı, namalardı men`geriwde atqarıw sheberligi materiallarınan paydalanıwdın` metodikası usınıladı. Qollanba mektep oqıtıwshılarına, ko`rkem-o`ner tarawı xızmetkerlerine, metodistlerge a`meliy jumıslarda paydalanıwda o`z ja`rdemin tiygizedi.

I BAP

# OQIW-TA'RBİYa PROTsESİNDE HA'M KLASSTAN TIS JUMISLARDA QARAQALPAQ XALQININ' ATQARIWShILIQ O'NERİ MATERİALLARI - DA'STANLARDAN PAYDALANIW

Qaraqalpaq xalqı ko'p a'sirlik tariyxqa, bay u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerge, ja'ha'n ma'deniyatına u'lken u'les qosqan milliy fol'klor ha'm ko'rkem-o'nerdin' biybaha g'a'ziynesine iye. Bul ko'rkem-o'nerdi milliy ha'm ulıwma insanıy baylıq sıpatında u'yreniw u'lken a'hmiyetke iye. Tilekke qarsı, «Sayatxan-Ha'mre», «Hu'rliqa-Ha'mre», «Yusip-Zliyxa», «Yusip-Axmet», «Ashıq Na'jep», «Da'wletiyarbek» siyaqlı belgili da'stanlar oqıw bag'darlamalarına kirgizilmegen, al ko'pshiligi ha'tte tilge de alınbaydı. Biraq, «Kadrlardı tayarlawdın' milliy bag'darlaması» nda jaslardı bahalı milliy salt-da'stu'rler ha'm ruwxıy miyraslar tiykarında ta'rbiyalawdın' roli, ornı ko'rsetip o'tilgen.

Bizin' izertlewimiz barısında xalıq da'stanların u'yrenip, olardın' namaları menen tanısqanımız, oqıwshılar bul tarawdag'ı o'zinin' bilimin teren'lestiredi, belgili da'stan atqarıwshıları bolg'an baqsı, sazende, qıssaxanlar menen, da'stanlardın' ko'p sanlı variantları menen (u'sh ju'zden aslam), olardın' jag'ımlı muzıkaları menen (on mın'nan aslam namanı quraydı) tanısadı, biraq bul bilimler tolıq men'gerilmeydi, sebebi bul protsesste anıq bir sistemalılıq ta'rtip joq.

Respublikamız mekteplerinde ta'jiriybe-eksperiment jumısların o'tkeriw barısında mug'allim ha'm oqıwshılar menen soraw-juwaplar o'tkerildi.

Biz K.Ubaydullaev atındag'ı Respublikalıq pedagog kadrlardı qayta tayarlaw ha'm qa'nideligin arttırıw institutında (No'kis qalası) ulıwma bilim beretug'ın ha'm muzıka mekteplerinin' mug'allimleri menen seminar-sa'wbet o'tkerdik. Bizlerdi to'mendegi *sorawlar* qızıqtırg'an edi:

1) oqıtıw jag'dayı haqqında;

2) balalardın' milliy saz a'sbapları - qobız, duwtar, shınqobız, girjek, balamang'a qızıg'ıw da'rejesi haqqında.

***Aldın-ala sorawnama du'zilip, ol to'mendegi mazmunda:***

1. A'debiyat, muzıka ha'm muzıka ma'deniyatı bag'darlamalarında xalıq do'retpelerin u'yreniw ushın ajıratılg'an saatlar sanı sizdi qanaatlandıra ma?

2. Oqıwshılarda milliy, ruwxıy, a'dep-ikramlılıq miyraslarg'a qızıg'ıwshılıq oyatıw ushın da'stanlardı u'yretkende qaysı metodikadan paydalanasız?

3. Jıraw-baqsılardın' qaysıları sizge ko'birek unaydı? Oqıwshılarg'a qaysı jıraw-baqsı ha'm qosıqshılar unaydı, olarg'a qanday namalar unaydı? Oqıwshılar siz benen bul ma'selelerde ma'sla'ha'tlese me?

4. Sizin' mektepte baqsı-jırawlardın' qatnasında kontsertler sho'lkemlestirile me, olarda qa'biletli balalar qatnasa ma? Xalıq do'retpesi boyınsha seminar-konferentsiyalar o'tkerilip turıla ma?

5. Sizin' mektebin'izde keleshekte jıraw, baqsı, sazende, ayaq oyınshı bolıwdı a'rman etken qa'biletli balalar bar ma?

Shımbay rayonlıq 37-sanlı mekteptin' qaraqalpaq tili ha'm a'debiyatı pa'ni mug'allimi Orınbay Sulaymanov a'debiyat ha'm muzıka boyınsha mektep bag'darlaması haqqındag'ı sorawg'a: «A'debiyat boyınsha bag'darlama mag'an unamaydı. Onda xalıq awızeki do'retpesin, sonın' ishinde, da'stanlardı u'yreniwge ju'da' az saat ajıratıladı», - dep juwap berdi.

Qanlıko'l rayonlıq 8-sanlı mektepten Gu'lja'ha'n Gaipova og'an ulıwma mektep sabaqlıqları unamaytug'ının aytadı. Onın' u'yinde ha'm mektep kitapxanasında «Qaraqalpaq fol'klorı» nın' XX tomlıg'ı bar eken. Oqıwshılar bul kitaplardan za'ru'rligine qaray da'stanlardı ko'shirip aladı. Bizin' seminarımızdın' ha'm soraw-juwaplardın' ko'rsetkenindey, xalıq awızeki do'retpelerinin' u'lgisi bolg'an da'stanlardı ken' ko'lemde oqıtıwda, balalardı milliy u'rp-a'det ha'm salt-da'stu'rlerge u'yretiwde bir qatar kemshilikler bar. Baqsılar ta'repinen atqarılmay ju'rgen, kitabıy da'stanlar dep qa'te esaplanıp ju'rgen liro-epikalıq da'stanlar oqıwshılardın' dıqqatınan shette qalıp atırg'anı ju'da' o'kinishli jag'day. Sonlıqtan da olardın' du'n'yalıq a'hmiyeti joqqa shıqpaqta. Al, haqıyqatında bolsa, baqsılar ta'repinen atqarılıp ju'rgen «G'a'rip ashıq», «Sayatxan-Ha'mre», «Yusip-Zliyxa», «Yusip-Axmet», «Hu'rlixa-Ha'mre», «Ashıq Na'jep», «Da'wletiyarbek». «Go'rug'lı» sıyaqlı da'stanlar nag'ız

tu’p nusqa da’stanlar bolıp esaplanadı. Olar o’z variantlarına ha’m namalarına iye.

No’kis qalalıq xalıq bilimlendiriw bo’limine qaraslı 4-sanlı mektepte oqıwshılar menen soraw-juwap o’tkerildi. *Anketag’a to’mendegi sorawlar kirgizildi*:

1. Siz g’a’rezsizlik degende neni tu’sinesiz?

2. Mektepte o’tiletug’ın ha’m bayramlarda atqarılıp ju’rgen da’stanlardan siz qanday u’rp-a’det ha’m da’stu’rler haqqında bildin’iz?

3. Muhabbat ha’m qaharmanlıq dastanlar degende neni tu’sinesiz?

4. Milliy ulıwma insanıy baylıqlar degende neni tu’sinesiz?

5. Da’stanlarda bul baylıqlar qalay sa’wlelengen?

6. Sizin’ mektebin’izde ata-babalar miyrasın u’yreniw boyınsha do’gerekler bar ma?

7. Eger bunday do’gerek bar bolsa, siz onın’ ag’zasısız ba?

Bul sorawnamag’a Mademinova Nargiza degen oqıwshı to’mendegishe juwap berdi: «G’a’rezsizlik bizlerge erkinlik a’perdi, o’zligimizdi tanıwg’a mu’mkinshilik berdi. Bizler ata-babalarımızdın’ biybaha miyraslarına qayta iye boldıq. O’z ana tilimizde erkin so’yleytug’ın boldıq. Burıng’ı awqam da’wirinde qadag’an etilgen «Edige» da’stanın burın mensinilmey kelgen qobız a’sbabında jırawlar atqaratug’ın boldı.

Mektepte qanday u’rp-a’det ha’m salt-da’stu’rler haqqında bildin’iz degen sorawg’a N.I.Xalmuratov degen oqıwshı bılay juwap beredi: ««Alpamıs» da’stanın oqıp: «Bayshubardı minermen, qılıshımdı asınarman, men na’ma’rt emespen, sebebi men o’z anamnan tuwg’anman», degen qatarlardan erlikti, birlikti, doslıqtı u’yrendik. Bizler «u’lken terekti qulatqan, seksen da’wdi jılatqan, qu’diretli ku’shke iye» Qoblan menen maqtanamız. «G’a’rip ashıq» da’stanındag’ı G’a’rip penen Shahsa’nemnin’ o’z-ara ashıqlıq mu’na’sibetleri bizlerde u’lken ta’sir qaldırdı».

Turımbetova Gu’lsara degen oqıwshı bılay jazadı: «Do’gerek ag’zaları da’stanlardan u’zindiler oqıydı, qosıqlar aytıp, ayaq oyıng’a tu’sedi. Bayramlarda maydanlarda bolıp, atshabıslar, ılaq oyınlar, palwanlar gu’resin, qoshqar du’gistiriwlerdi ko’redi. Nawrız bayramlarda olar a’tko’nsheklerde ushıp, qoraz urıstırıwlardı, a`tko`nshek ushıwdı ha’m qoshqar du’gistiriwlerdi ko’redi, arqan tartısadı. Bulardın’ barlıg’ı olardın’ ruwxın ha’m keypiyatın ko’teredi.

Jiyemuratova Tazagu’l degen oqıwshı anketa sorawlarına bergen juwabında, og’an

ko’birek «Nawrız» bayramı, a’sirese a’tko’nshekte ushıw unaytug’ının aytadı.  Bul bayramg’a arnawlı tag’amlar - su’melek, mayso’k, jiyde taqan, quwırmash, toraq, iyjan, ju’weri gu’rtik, aqsawlaq, palaw, so’kgo’je, ma’shaba ha’m tag’ı basqa tag’amlar tayarlanadı. Bul tag’amlardı tatıp ko’rip, bizler ata-babalarımızdın’ awqat tayarlaw sheberligine ta’n berdik, - deydi.

«Bizler awılda bolg’anımızda - deydi Qalmuratov Erejep, - bayramlarda jıraw ha’m baqsılardın’ atqarıwında da’stanlar tın’laymız. Qobız ırg’ag’ı astında atshabıs, qılıshlasıw kartinaları ko’z aldımızda tap kinodag’ıday bolıp ko’rinedi».

Oqıw-ta’rbiya protsesinde qaraqalpaq xalqının’ atqarıw o’neri - da’stanlardan paydalanıw boyınsha respublika mug’allimlerinin’ ta’jiriybelerin, pikirlerin u’yreniw ha’m en jaydırıw za`ru`r dep esaplaymız.

Respublikamız mekteplerinin’ a’debiyat sabaqlarında, ko’rkem-dramalıq do’gereklerinde, muzıka do’gereklerinde ko’plegen mug’allimlerimiz qaraqalpaq xalqının’ muzıka ma’deniyatın u’yreniw barısında da’stanlardan belsendilik penen paydalanadı.

No’kis qalalıq 4-sanlı mekteptin’ muzıka mug’allimi basshılıg’ında o’tkerilgen sabaqlar o’zinin’ do’retiwshiligi ha’m ayrıqshalıg’ı menen ajıralıp turadı. Ol da’stanlarg’a arnalg’an sabaqlardı o’tkende, oqıwshılar onın’ dramalıq do’gereklerine u’lken qızıg’ıwshılıq penen qatnasadı. Do’gerekte jas baqsılar da’stanlardan u’zindiler, qosıqlar aytıwg’a, qobız, duwtar, girjek shertiwdi u’yrenedi. Mug’allim do’gerek qatnasıwshıları arasında rol’lerdi bo’listirip, saxnalar sho’lkemlestiredi. İnsanlardın’ adamgershilik sıpatların su’wretlewge arnalg’an saxna ko’rinisleri oqıwshılarda u’lken qızıg’ıwshılıq oyatadı. Oqıwshılardın’ o’zleri duwtarda, girjekte, balamanda oynap, ayaq oyınlar, qaharmanlardın’ ariyaların atqaradı. Al, jan’adan kelgenler xorg’a qatnasadı, ko’rkemlep taqmaqlar oqıwg’a, «terme» ha’m «tolg’aw»lar aytıwg’a qatnasadı. Oqıwshılar so’z bolıp atırg’an da’wirge ha’m waqıyag’a, sol waqıttag’ı xalıqtın’ turmıs ta’rizine, jergilikli koloritine tiyisli dekoratsiyanı o’zleri tan’laydı yamasa rekvizit zatlardın’ (gu’llerdi, digirman, oshaq, muzıka a’sbapları ha’m tag’ı basqalardı) su’wretin sog’adı.

Do’gerek basshısı «Alpamıs» da’stanındag’ı qaharmanlardın’ rol’lerin oqıwshılar arasında bo’listirip berdi. Da’standag’ı rol’lerdin’ shın kewilden atqarılıwı, u’zindilerdin’ ko’rkemlep oqılıwı, qaharmanlardın’ qosıqlar atqarıwına mira’t etilgen tamashago’yler ha’m ata-analardı

ju'da' ta'sirlendirdi. «Alpamıs», «Edige» da'stanların su'wretlewge arnalg'an saxnalastırıwlar, xalıq dushpanı dep esaplang'an Erpolat jırawdın' qamaqxanadag'ı o'limi, O'giz (Niyazımbet) jırawdın' jigirma jıl su'rginde ju'riwi jas tamashago'ylerdin' ko'zlerine jas keltirip, ta'sirlendirgeni sonshelli, olardın' o'zleri de bul rol'lerdi atqarıwg'a tayar edi. Balalardın' qobızda a'jayıp atqarıwların, «nama»g'a salıp, qıssa oqıg'an ko'rgen ata-analar jas atqarıwshılarg'a ha'm olardın' mug'allimlerine alg'ıslar ayttı.

Balalardın' da'stanlardan u'zindiler atqarıwı ata-analar ta'repinen u'lken qızıg'ıwshılıq penen qabıl etilip, balalarının' milliy baylıg'ımızg'a bolg'an ıqlasına su'ysindi. Bul jerde baslı ta'sir etiwshi ku'sh nama, namanın' tekst penen u'ylesiwi boldı. Sebebi, muzıkanın' ta'siri so'zlerine qarag'anda ku'shlirek edi. Ko'rkem-o'ner do'geregindegi barlıq sabaqlar mug'allimnin' basshılıg'ında o'tkeriliwi tiyis, al bul mug'allimlerden u'lken sheberlikti talap etedi.

Mektepte muzıka ha'm muzıka sabaqlarının' baslı maqseti oqıwshılarda ulıwma insanıylıq ha'm ruwxıylıq haqqındag'ı bilimlerdi qa'liplestiriw, olarda bilimlerdi qa'liplestiriw ha'm jetilistiriwden ibarat. Bizlerdin' sorawnamalarımız ha'm baqlawlarımız ko'rsetkenindey, sabaq materialları mug'allimler ta'repinen tiykarınan oqıwshılardın' jas o'zgesheligine sa'ykes, muqıyatlap tan'lap alınadı. Xalıq qosıqlarının', a'sirese lirikalıq da'stan namalarının' ku'shi olardın' teren' emotsionallıg'ında, jag'ımlı poetikalılıg'ında. Lirikalıq shıg'armalardın' a'jayıp u'lgilerin, tekst ha'm ırg'aqların birlikte u'yreniw oqıwshılardın' oqıw protsesine qızıg'ıwshılıg'ın arttıratug'ını so'zsiz. Olar tek g'ana sabaqta emes, al klasstan tıs sabaqlarda da haqıyqıy estetikalıq azıq aladı, sebebi qosıq ha'm namalar a'debiyat ha'm muzıkanın' o'lmes joldası bolıp tabıladı. İzertlewlerimiz «Jas da'stan izertlewshiler», «Da'stan bilimdanları», «Jas baqsılar», «Baqsılar menen ushırasıw klubı» sıyaqlı ha'r qıylı do'gerek jumıslarınan paydalanılatug'ının ko'rsetedi. Belgili atqarıwshılar menen ushırasıwlar qızıqlı ha'm ayrıqsha bolıp o'tedi. Do'gerek jumısının' bul tu'ri oqıwshılarda u'lken qızıg'ıwshılıq tuwdıradı. Baqsı, qosıqshı, qıssaxanlar menen ushırasqanda, olardın' qosıqların, muzıkalıq ha'm ko'rkem do'retiwshilik haqqında tu'sinikke iye bolıp, oqıwshılardın' o'zleri de solarg'a uqsag'an atqarıwshı bolg'ısı keledi. Balalarda a'jayıp xalıq do'retpelerine qızıg'ıwshılıq qa'liplesti.

Oqıwshılar o'zlerin qızıqtırg'an sorawlardı tayarlap, jazıp baradı, olardı sıpayı tu'rde beriwge ha'reket etedi: olarg'a qanday da'stan ko'birek unaytug'ının, da'stanlar ne ushın qaharmanlıq ha'm lirikalıq da'stanlarg'a bo'linetug'ının, ne ushın ha'r baqsının' o'z atqarıw metodı bar ekenin, ne ushın birewleri qobızda, al basqaları duwtarda atqaratug'ının, ne ushın qıssaxanlar muzıkalıq a'sbapsız, tek hawazı menen atqaratug'ının tu'siniwge ha'reket etedi.

Oqıwshılar aldın-ala baqsılardın' o'mir jolı, olardın' do'retiwshiligi haqqında mag'lıwmatlar ha'm su'wretler jıynap, olardan al'bom bezeydi. Eger baqsı atqarıwshı-kompozitor bolsa, onda olardın' notaların jazıp aladı, olardın' atqaratug'ın da'stanları haqqında mag'lıwmat toplaydı. Oqıwshılar o'zlerinin' al'bomlarına avtograflar jıynap, olar menen maqtanısh etedi ha'm jigerlenip ju'redi. Bulardın' barlıg'ı oqıwshılardı ruwxlandıradı, olar ataqlı ko'rkem-o'ner ustalarınan u'lgi alıwg'a ha'reket etedi. Bul al'bomlar mektepte do'gerek basshısında saqlanadı. Bunday ilajlar oqıwshılardın' esinde umıtılmas waqıya sıpatında uzaq waqıt saqlanıp qaladı ha'm olardın' ju'reginde teren' iz qaldıradı.

Bunday klasstan tıs jumıslarda o'z betinshe izleniwge u'lken dıqqat awdarıladı. Oqıwshılar mug'allimlerinen belgili bir tapsırma boyınsha qosımsha mag'lıwmatlar aladı. Oqıwshılar mug'allim menen birge mag'lıwmatlar jıynaydı, kitaplar, da'stanlar, qosıq tekstlerin, notalar oqıydı, magnitofonlardan, qısqa metrajlı fil'mlerden paydalanıladı. O'z betinshe oqıw ha'm o'zin-o'zi qadag'alaw ushın tiyisli sharayat jaratıladı. Oqıwshılar bul qosıqlardı atqarıwdı u'yrenedi, o'z dawısların nama menen birge aytıp sazlaydı, sonday-aq, da'stanlar atqarıwdı da u'yrenedi.

Balalar da'stan ha'm namalardı atqarıwg'a u'lken qızıg'ıwshılıq penen tayarlanadı.

***Balalardın` atqarıwshılıg'ı* -** bul qaytalanbaytug'ın ko'rkem-o'ner tu'ri, sonın' menen birge ha'r bir atqarıw bul qaytalaw emes, al jan'a improvizatsiya ekenin jaqsı tu'sinedi. Ha'r sapar jan'adan atqarg'anda jan'a elementler ha'm n'yuanslar qosıp barıladı. Ha'r bir atqarg'anı aldıng'ısına qarag'anda jetilistiriledi.

Do'gerek qatnasıwshılarına da'stanlardı atqarıw sheberligin u'yretip, oqıwshılardın' muzıkalıq ha'm do'retiwshilik uqıplılıqların rawajlandırıwda to'mendegi ko'nlikpeler qa'liplesedi:

- ❖ mug'allimde ha'm oqıwshıda muzıkalıq uqıplılıqlar qa'liplesip, saz a'sbaplarında

oynawdı biliwi;

- ❖ namanı atqarıw, do’retiw ha’m qabıl etiw uqıplılıg’ı.

Klasstan tıs muzıka sabaqlarında atqarıwg’a qızıg’ıwshılıq artadı ha’m muzıkanı, nama ha’m tekstti tez yadlap qalıw uqıplılıg’ı rawajlanadı.

Mektepte muzıkalı da’stan obrazların do’retip, xalıq saz a’sbapları ırg’ag’ında xalıq qosıqların atqaratug’ın topar jumıs isleydi. No’kis qalalıq xalıq bilimlendiriw bo’limine qaraslı 4-sanlı mektep janınan sho’lkemlestirilgen kishkene atqarıwshı topar ha’r qıylı metodtag’ı atqarıw texnologiyaların iyelegen, qaytalanbaytug’ın obrazlardı do’retiw ha`m do’retiwshiligin jetilistiriwge ha’reket etpekte.

## II BAP

---

### ATQARIW ShEBERLİGİ MATERİALLARIN PAYDALANIW BOYINShA DO’GEREK JUMISLARI

***Do’gerektin’ «da’stan bilimdanları» sabag’ının’ bag’darlaması to’mendegilerge tiykarlanıp islep shıg’ılg’an:***

❖ zamanago’y bilimlendiriwdegi jan’a bag’darlarg’a;

❖ qaraqalpaq xalqının’ ko’rkem-o’nerin atqarıw boyınsha avtor materiallarına, xalıq atqarıwshılıg’ındag’ı epikalıq da’stu’rlerge, baqsılar o’nerine, onın’ ta’rbiyalıq a’hmiyetine;

❖ didaktikalıq printsiplerine;

❖ oqıwshılardın’ jas o’zgesheliklerin ha’m olardın’ qaraqalpaq xalıq ko’rkem- o’nerine qızıg’ıwshılıg’ın esapqa alıwg’a;

❖ klasstan tıs materiallarıdı oqıw materialları menen baylanıstırıw;

❖ oqıwshılardı estetikalıq ha’m Watandı su’yiwshilikke ta’rbiyalawda klasstan tıs jumıslardın’ za’ru’rligine; do’gerek sabaqlarının’ mazmunına, sistemasına, texnologiyasına ha’m metodikasına do’retiwshilik penen qatnas jasawg`a, oqıwshılar menen individual qatnas jasaydı.

***Do’gerek jumıslarının’ maqseti:***

❖ oqıwshılarda qaraqalpaq xalqının’ epikalıq shıg’armalarına qızıg’ıwshılıq oyatıw ha’m tiykarg’ı mag’lıwmatlardı beriw;

***Do’gerek jumıslarının’ ma’seleleri:***

❖ Da’stanlardın’ payda bolıwı ha’m teoriyalıq tiykarları haqqında oqıwshılardın’ bilimin teren’lestiriw;

❖ Belgili da’stan atqarıwshılardın’ do’retiwshiligi menen tanıstırıw. Baqsı ha’m jırawlardın’ dastanların tın’lawg’a tartıw;

❖ Da’stan atqarıwshılarının’ namaları menen tanıstırıw.

## DO’GEREK JUMISLARI BAG’DARLAMASININ’ MAZMUNI

***Do’gerek jumıslarının’ tematikalıq jobası:***

I. Do’gerek jumıslarının’ maqseti ha’m ma’seleleri.

II. Qaraqalpaq da’stanlarındag’ı milliy ha’m ulıwma insanıy baylıqlar.

III. Qaraqalpaq da’stanlarının’ payda bolıwı ha’m rawajlanıwı.

IV. Da’stanlardın’ teoriyalıq negizleri.

V. Belgili jırlawshılar - qaraqalpaq da’stanların atqarıwshılar, (Japaq Shamuratov - zamanago’y baqsı: o’miri ha’m do’retiwshiligi).

VI. Qaraqalpaq da’stanların atqarıwshılardın’ muzıkalıq a’sbapları.

VII. Qaraqalpaq da’stanlarındag’ı Watandı su’yiwshilik ha’m go’zzallıq.

VIII. Baqsılardın’ atqarıw sheberligi.

IX. Qaraqalpaq da’stanlarının’ ha’zirgi qaraqalpaq ma’deniyatındag’ı ornı ha’m roli.

X. Da’stanlar - qaraqalpaq xalqının’ ullı milliy miyrası, du’n’ya ma’deniyatının’ quram bo’leklerinin’ biri.

XI. Mektep oqıwshıların da’stanlardı atqarıwg’a u’yretiw. «Jas baqsılar» dı tan’law. Atqarıw sabaqları.

XII. Ha’r qıylı mektep ilajlarında «da’stan bilmdanları»nın’ ha’m «jas baqsılar» dın’ atqarıwı.

XIII. Juwmaq jasaw.

### *I. Do’gerektin’ maqseti, ma’selesi, mazmunı, sabaqtın’ na’tiyjeleri*

***Maqseti:*** qaraqalpaq xalqının’ ullı miyrası - da’stanlar haqqında, olardı atqarıwshı baqsı ha’m jırawlar haqqında teren’ mag’lıwmat beriw, olarg’a tekstlik ha’m muzıkalıq materialdın’ Watandı su’yiwshilik motivlerin, joqarı ko’rkemliligin ha`m go`zzalıg`ın u’yretiw.

***Do’gerek ma’seleleri:*** da’stanlar haqqında tiykarg’ı mag’lıwmatlardı beriw; belgili baqsı ha’m jırawlardın’ do’retiwshiligi menen, olardın’ atqarıw sheberligi menen tanıstırıw, oqıwshılarg’a da’stanlardı dıqqat penen tın’lawg’a u’yretiw, da’stanlardag’ı Watandı su’yiwshilik ha’m ko’rkem-o’ner qurallardı, olardın’ o’zgesheliklerin ajıratıp, tallaw

ko’nlikpelerin beriw; da’stanlardı atqarıw o’nerine (qosıq aytıwg’a ha’m xalıq saz a’sbapların shertiwge uqıbı bar oqıwshılarg`a) u’yretiw; «da’stan bilimdanları»na ha’m «jas baqsılar»g’a ha’r qıylı mektep ha’m ma’deniy massalıq ilajlarda o’zlerin ko’rsetiwge (o’z betinshe belsene islew - o’z-o’zine baha beriw sha’rti menen) sharayat jaratıw.

Sabaqlardın’ tiykarg’ı mazmunı: qaraqalpaq xalqının’ ko’rkem o’neri - da’stanlar, olardın’ tariyxı, teoriyası haqqında, belgili ha’m ullı qaraqalpaq da’stanların atqarıwshılar, olardın’ do’retiwshiligi ha’m o’zgeshelikleri haqqında, olardın’ estetikalıq ha’m Watandı su’yiwshilik motivleri haqqında teren’ bilim beriw; qaraqalpaq da’stanlarının’ roli ha’m a’hmiyeti haqqında mag’lıwmat beriw; qızıg’ıwshılıg’ı ha’m uqıbına qaray shaması keletug’ın tapsırmalardı ha’m jumıslardı orınlaw: «ha`r tu`rli ko’rik-tan’lawlar», dodalawlar o’tkeriw, olardı ha’r qıylı mektep ilajlarına shıg’arıw (jarıs, ko’rik-tan’law, olimpiada, kesheler; ata-analar jıynalısı ha’m t.b.). Uqıplı balalardı da’stan atqarıwg’a u’yretiw. Mekteptegi ha’r qıylı ilajlarda «da’stan bilimdanları» ha’m «jas baqsılar»dın’ atqarıwın sho’lkemlestiriw. Ha’r bir oqıwshının’ qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’neri - da’stanlardı biliwdegi jetiskenliklerin talqılaw ha’m atqarıwshılıq sheberligin keleshekte de u’yreniwi ha’m teren’lestiriwi ushın usınıslar beriw.

## *II. Qaraqalpaq da’stanları milliy ha’m ulıwma insanıylıq baylıq sıpatında*

**Qaraqalpaq da’stanları** - qaraqalpaq xalqının’ ullı milliy miyrası, onın’ milliy maqtanıshı, qaraqalpaq ma’deniyatında girewli orın tutadı. Qaraqalpaq da’stanları – qaraqalpaq xalqı o’mirinin’, turmısının’, salt-da’stu’rlerinin’ ha’m tariyxının’ ha’m sonın’ menen birge a’dep-ikramlılıq printsipleri normalarının’, qag’ıydalarının’, Watandı su’yiwshilik tu’siniklerinin’, ta’biyattag’ı, insandag’ı, turmıstag’ı, o’mirdegi. pu’tkil adamzatg’a ta’n bolg’an go’zzallıqlar ko’rinisinin’ sa’wleleniwi. Qaraqalpaq da’stanları - tek g’ana qaraqalpaq xalqının’ milliy baylıg’ı bolıp qalmastan, sonın’ menen birge ulıwma insanıylıq ma’deniyattın’ ha’m ko’rkem o’nerdin’ quramı esaplanadı.

### *III. Qaraqalpaq da’stanlarının’ tariyxı*

Qaraqalpaq da’stanlarının’ derekleri. Da’stanlar - qaraqalpaqlardın’ ata-babalarının’ epikalıq shıg’armaları. Ruwxıy ma’deniyattın’ a’yyemgi tu’ri. Da’stanlar - ja’miyettin’ erte da’wirdegi ha’m orta a’sirdegi shıg’armaları.

### *IV. Da’stanlardın’ teoriyalıq negizleri*

**Da’stanlar -** xalıq awızeki do’retpeleri, xalıq danalıg’ının’ original klassikalıq u’lgisi - insannın’ ruwxıy jetilisiw deregi. Da’stanlardın’ masshtablılıg’ı, olardın’ epikalılıg’ı ha’m teren’ mazmunlılıg’ı, ko’p syujetliligi, poetikalıq forması. Na’tiyjeli ta’rbiyalaw quralı. Qaraqalpaq xalqının’ bas da’stanları. Da’stanlardın’ tu’rleri. Olardın’ baqsı ha’m jırawlar ta’repinen atqarılıwı. Tematikası, motivleri, obrazları, Watandı su’yiwshilik, estetikası. Terme ha’m tolg’aw - da’stanlarg’a kirisiw, milliylikke bay, filosofiyalıq ha’m pedagogikalıq ideyaları bar - ruwxıy-ag’artıwshılıq ha’m ta’rbiyalıq usıl (Watan, tuwılg’an jer haqqında, ta’biyattın’ ha’m adamlardın’ go’zzallıg’ı haqqında sezimtallıq penen jırlanadı).

Watandı su’yiwshilik mazmunı, baslı wazıpa Watandı su’yiwshilik teması ha’m motivleri, da’stan obrazları. Qaraqalpaq da’stanlarındag’ı milliy ma’na’wiyat ha’m xalıqtın’ du’n’yag’a ko’z qarası. Da’stanlar - a’dep-ikramlılıq ha’m estetikalıq ta’rbiya quralı. Da’stanlar - adamnın’ ruwxıy jaqtan jetilisiw deregi.

### *V. Ataqlı qaraqalpaq da’stanlarının’ atqarıwshıları*

**Qorqıt ata.** O’miri ha’m do’retiwshiligi (a’psana).

***Qorqıt ata*** - da’stan do’retiwshinin’, atqarıwshının’, toplawshının’ ha’m saqlawshının’ ja’mlengen ko’rkem obrazı. «Qorqıt atanın’ kitabı» da’stanı dana ha’m aqıllı batırlar, Watandı su’yiwshiler, sırtqı dushpanlarg’a qarsı gu’resiwshiler haqqında. Qorqıt ata da’stanın atqarıwshılar - adamlarg’a quwanısh bag’ıshlaytug’ın, adamlardın’ awırın jen’illetetug’ın, dana ken’esler beretug’ın sayaxatshılar.

## *XVII-XIX a'sirlerdegi ullı atqarıwshılar*

***Jiyen Tag'ay ulı*** - shayır, sazende, ustaz. Ol «Alpamıs», «Qoblan», «Er Ziywar», «Er Sayın», «Er Shora», «Er Qosay», «A'jigerey», «Jana'dil», «İllixan», «Jaratqan», «Bozaman», «Qurbanbek», «Qırıq qız» da'stanların sheberlik penen atqarg'an. Jiyen - shayır-kompozitor (onın' tolg'awları - «Zamana», «Nog'aylı», «Jaratqan», «Ne jaman», «Ne bolmas», «Jaslıq»). «Qırıq qız» da'stanı ko'rkem poetikalıq ha'm muzıkalıq bezewlerg'e, o'z da'wirinin' sotsiallıq qubılıslarının' syujetlerine, tariyxıy waqıyalarg'a bay ekenligi menen ajıralıp turadı. Jiyemurat, Aytuwar, Qabıl, Xalmurat, Bekmuhammed, Qazaqbay, Qurbanbay, Qıyas jırawlar Jiyen Tag'ay ulının' jolın dawam etiwshiler bolıp esaplanadı. Da'stan atqarıwshılar ha'm jırawlar: Soppaslı sıpıra jıraw - «Edige», Qazı ma'wlik - «G'a'rip ashıq», «Ashıq-Na'jep», Da'wletiyarbek - «Da'wletiyarbek» da'stanlarının' waqıyalarında da'stan qaharmanları sıpatında qatnasadı.

Ullı da'stan atqarıwshı jıraw-baqsılar: Aqımbet, Muwsa, Su'yew. Nurabılla, Japaq, An'satbay basqsılar da'stanlardın' ko'plegen variantların, olardın' tu'p nusqa formaların («Muwsa naması», «Japaq muxallesi», «Aytuwar», «Nurabılla») do'retiwshileri bolıp tabıladı.

Baqsı-jırawlar mektepleri, olardın' jas baqsı-jırawlardı tayarlawdag'ı roli ha'm do'retiwshilik baylanısları. Baqsılar mektebi. Ustazlıq da'stu'rleri. Shıg'ıs baqsılarının' arasında Su'yew mektebi, onın' mektebi - sha'kirtleri (O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıq artisti Japaq Shamuratov).

***Baqsı ha'm jıraw mektepleri:***

I. Aqımbet, Muwsa mektebi.

II. Su'yew mektebi.

III. Arzı mektebi.

IV. Orınbay mektebi.

Sonday-aq, Qorqıt ata, Soppaslı Sıpıra jıraw, Jiyen jıraw mektepleri.

***Japaq Shamuratov*** - zamanago'y baqsı. O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıq artistinin' o'miri ha'm do'retiwshiligi.

Japaq baqsı - ataqlı qaraqalpaq baqsısı, ullı qaraqalpaq xalqının' perzenti Su'yew baqsının' atqarıwshılıq mektebin joqarı bahalag'an.

A’miwda’r’ya rayonının’ Nazarxan awılında (1893) tuwılıwı. Awır balalıq da’wiri. Saz a’sbaplardı shertiwge umtılıwı. Muzıkag’a qızıg’ıwı. Medresede oqıwı, da’stanlardı oqıwı, baqsı ha’m jırawlardı tın’lawı. Baqsı bolıw a’rmanı. Su’yew baqsı menen ushırasıwı. Onın’ do’retiwshiligine eliklewi. Ju’reginin’ a’miri menen baqsı o’nerin iyelewi, son’ - sistemalı tu’rde, izbe-izlik penen, maqsetke muwapıq (duwtar shertip), qızıg’ıwshılıq penen tekstke tu’sinik beriwi. Da’stanlardı oqıwı ha’m yadlawı. Ataqlı baqsı-ustazlarda oqıwı. Gastrollarg’a shıg’ıwı.

Japaq baqsının’ jaqsı ko’retug’ın da’stanların - «G’a’rip ashıq», «Go’rug’lı», «Sayatxan-Hamra», «A’wez u’ylendirgen», «Yusip-Axmet», «Ba’zirgen», «Taxir-Zuxra», «Qırmanda’li», «Hu’rliqa-Hamra» (o’zinin’ improvizatorlıq jolı menen) atqarıwı.

J. Shamuratovtın’ ustazlıq xızmetleri: (do’gerekler, kontsertler, muzıkalıq mektepler, radioda, xalıqtın’ aldında atqarıwı, atqarıwshılar olimpiadaları, konkursları, dekadaları, sonın’ ishinde, Moskvada, patefon jazıwında, ma’deniyat u’ylerinde, mekteplerde ha’m t.b. jerlerde atqarıwı). Joqarı baqsıshılıq, sazgerlik o’nerin, o’z talantın ko’rsetiwi. Ko’plegen namalar do’retiwshi - kompozitor-melodist. P’esalarg’a jazg’an muzıkaları, namaları («G’a’rip Ashıq» «Batır ha’m Ko’klen» ha’m t.b.) J. Shamuratov - qaraqalpaq xalqının’ su’yikli baqsısı. Onın’ atqarıwındag’ı da’stanlardı tın’law.

## *VI. Qaraqalpaq da’stan atqarıwshılardın’ muzıkalıq a’sbapları*

***Qobız*** - qaraqalpaq jırawlarının’ en’ a’yyemgi muzıkalıq a’spabı. Eki tarlı qobızdın’ su’wretleniwi, onın’ qurılısı, forması, ses diapazonın, namalılıg’ın u’yreniw. Atqarıwshı onnan qalay paydalanadı.

*Qobız namaları:* qayg’ılı, ata-babalarımızdın’ hawazın, olardın’ da’rtin ha’m qayg’ısın, tuwılg’an jer sag’ınıshın, jaqsı turmıs haqqında a’rmanların, xalqımızdın’ patriotlıq ruwxın esletiwshi, quwat beretug’ın (haqıyqıy ra’ha’t bag’ıshlaytug’ın) namalar.

Qaraqalpaq shayırı İ. Yusupovtın’ Qurbanbay jırawdın’ 80 jıllıg’ına arnalg’an «Qobız» qosıg’ı:

«Jan’la qobız a’sirlerdin’ gu’wası»

...

Jan’la qobız, sol tapsırg’an miyrasın’, -

Xalıq o’mirinin’ shejiresi, aynası,

Bu’gin bizge ja’rdemleser jalıqpay,

Gu’llentiwde jan’a turmıs du’n’yasın».

***Duwtar (dombıra).*** Duwtar so’zi parsı tilinen alınıp, «duw» - eki ha’m «tar» - tar, yag’nıy eki tarlı degendi bildiredi. Jag’ımlı ses shıg’arıwshı, ayrıqsha muzıkalıq o’zgesheliklerge iye a’sbap. Duwtar sog`ılıwnın` o`zi sırlı.

Baqsılardın’ basqa muzıkalıq a’sbapları: *girjek, shınqobız, balaman, sırnay, baraban, karnay, sıbız.* Olardı zamanago’y xalıq sazları orkestrinde de qollanıladı.

Muzıka ha’m qosıq qatarlarının` ylesiwi u`shın, yag`nıy (so’zdin` ju’rekke jetip barıwı ushın muzıka za’ru’r).

Jıraw namalarının’ klassifikatsiyası (T. Adambaevanın`): rawajlang’an ko’rkem-su’wretlew quralları tiykarında qa’liplesken, ataqlı jırawlardın’ atları menen baylanıslı; qobızda jeke atqarıladı qısqa ha’m uzın (terme ha’m tolg’awlar). Abu Nasır Farabiy o`zinin` «Muzıka haqqında traktat»ında fol’klorlıq muzıka ma’deniyatına, atap aytqanda teren` mazmunlı pikirler bildirgen. onın’ jaslardı ta’rbiyalawdag’ı ruwxıy-estetikalıq ta’rbiyadag’ı ornı.

## ***VII. Qaraqalpaq da’stanlarındag’ı go’zzallıq, olardın’ ullı baqsı ha’m jırawlar ta’repinen atqarılıwı***

***Go’zzallıq*** - joqarı estetikalıq baylıqqa iye, joqarı sulıwlıqtı sa’wlelendiretug’ın, jag’ımlı (go`zzallıq) sezimlerdi, oylardı, qanaatlanıwshılıqtı, ra’ha’tleniwdi tuwdırıwshı tu`sinik.

***Go’zzallıqtı biliw*** - go’zzallıqtı biliwge ıqlaslang’andag’ı do’retiwshilik miynet, go’zzallıq ob’ektine qızıg’ıw. O’mirdegi, fol’klordag’ı, ko’rkem o’nerdegi go’zzallıq - shaxstın’ rawajlanıw deregi. Awızeki xalıq do’retpesi - estetikalıq ta’rbiyanın’ faktorı - go’zzallıqtag’ı, onı qabıllaw ha’m tu’siniwdegi talaplar, do’retiwshilikke - go’zzallıqtı jaratıwg’a uqıplılıq.

***Qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’neri*** - a’wladtan-a’wladqa jetilistirilip ha’m bayıtılıp, tekstinde, ko’rkemliginde, muzıkasında, namalarında barlıq go’zzallıqtı ja’mlegen da’stanlar - haqıyqıy xalıqlıq ha’m a’jayıp, sezimlerge tolı qaraqalpaq xalqı danalıqlarının’ ullı

deregi - insandag'ı, ta'biyattag'ı, turmıstag'ı, insanlardın' qarım-qatnasındag'ı, ko'rinislerindegi ha'm ha'reketlerindegi go'zzallıqlar haqqında.

Qaraqalpaq da'stanlarındag'ı haqıyqıy a'jayıp obrazlar - Edige («Edige» da'stanınan), Alpamıs («Alpamıs» da'stanınan), Ayparsha ha'm Ma'spatsha («Ma'spatsha» da'stanınan). Olardın' biytakrar kelbeti.

Qaraqalpaq da'stanlarındag'ı haq niyetli isler ha'm ha'reketler, unamlı obrazlardın' jawıngerlik ha`reketleri.

Da'stanlardag'ı qaraqalpaq sahralarının' ta'biyatı. Ana ta'biyatqa degen u'lken su'yispenshilik penen do'retilgen onın' ko'rkem obrazı.

***Qaraqalpaq da'stanlarındag'ı haywanatlar:*** tu`yelar, atlar, u'y haywanları, quslar ha'm t.b. «Alpamıs» da'stanındag'ı umıtılmas a'jayıp Bayshubar obrazı.

Da'stanlardag'ı qaraqalpaq xalqının' turmısı ha'm da'stu'rleri, olardın' estetikasın su'wretlew, da'stan qaharmanlarının' milliy kiyimleri, olardın' sulıwlıg'ı ha'm o'zine tartımlılıg'ı.

Qaraqalpaq da'stanlarındag'ı insanıylıq qarım-qatnaslar, olardın' shıraylılıg'ı (unamlı qaharmanlar u'lgisinde). *Mısalı:* «Ma'spatsha» da'stanındag'ı Ayparsha ha'm Ma'spatshanın` qarım-qatnası. Ayparsha Babaxan la'shkerlerinin' dıqqatın o'zine qaratıp, Ma'spatshanı jasıradı.

Qaraqalpaq da'stanlarının' ko'rkem-estetikalıq o'zgeshelikleri ideyalıq oylardı an'latıw, jarqın ha'm umıtılmas obrazlardı do'retiw, waqıyalardı (qaharmanlardı, ta'biyattı, haywanatlardı, jawıngerlik sawashlardı, unamlı qaharmanlardın' jigerli islerin) su'wretlew quralı sıpatında.

Qaraqalpaq da'stanlarının' belgili atqarıw o'nerinin' sheberleri ta'repinen a'jayıp atqarılıwı: hawazı, onın' mu'mkinshilikleri; obrazlardı do'retiwdegi da'standag'ı waqıyalardı aytqandag'ı ta'sirlilik; sırtqı kelbetinin' estetikası, baqsının' o'zin tutıwı, artistligi, qılıqları, bet ha'reketleri, hawazı, tembr ha'm t.b. Qaraqalpaq da'stanlarının' tekst penen tıg'ız baylanıslı, haqıyqıy milliy, tolg'andırıwshı, sezimlerdi oyatıwshı a'jayıp namaları. O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıq artisti Japaq Shamuratovtın' atqarıwında da'stan tın'law (ha'm gu'rrin'lesiw). Qaraqalpaq da'stanlarındag'ı go'zzallıqlar - qorshag'an ortalıq sıpatında,

jaqtılıq, miyrimlilik, haqıyqıy insanıylıq, adamgershilik ha’m a’dep-ikramlılıq sıpatında.

Qaraqalpaq da’stanlarındag’ı estetika ha’m etikanın’ baylanısları. Qaraqalpaq da’stanları go’zzallıqtın’ ullı ha’m tawsılmas deregi. Qaraqalpaq da’stanlarınan go’zzallıqtı izlew.

## *VIII. Qaraqalpaq da’stanlarının’ patriotlıq motivleri*

***Patriotizm*** - o’z Watanına, o’z xalqına degen mu’na’sibeti ha’m muhabbatı, belgili bir ha’reket ta’rizi muhabbatında ha’m sadıqlıg’ında ko’rinetug’ın, milliy-ma’deniy baylıqların maqtanısh etiw, Watanının’ tariyxıy o’tmishin, xalqının’ da’stu’rlerin hu’rmet etiw. *Patriotizm* - shaxstın’ a’hmiyetli sıpatı. Patriot bolıp tuwılmaydı, al qa’liplesedi. Mısalı, ko’rkem o’nerdegi patriotlıq obrazlarda, sonın’ ishinde, xalıq awızeki do’retpesinde. Xalıq awızeki do’retpesinin’ epikalıq shıg’armaları, mısal ushın, qaraqalpaq xalqının’ epikalıq-qaharmanlıq da’stanları shaxstın’ rawajlanıwı ha’m patriotizmnin’ qa’liplesiwinin’ bay deregi bolıp esaplanadı. Da’stanlarda a’diwli Watannın’, doslıqtın’, xalıqlardın’ tuwısqanlıg’ın, miyrimlilik ha’m adamgershiliktin’ dan’qın shıg’arıw.

Qaraqalpaq xalqının’ joqarı patriotlıq ideyaların a’wladtan-a’wladqa jetkizip kiyatırg’an qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’neri: patriotlıq mazmun, teren’ patriotlıq motivlerdi payda etetug’ın muzıka-namaları menen toltırılg’an da’stan tekstleri o’tmishtegi ha’m keleshektegi - barlıq a’wlad ushın joqarı patriotizm mektebi bolıp tabıladı.

Shıg’armanın’ ideyalıq mazmunın nıg’aytıw, tuwılg’an Watannın’ u’lkenin’ ta’biyatın su’wretlew, unamlı qaharmanlıq-patriotlıq obrazlardı do’retiw, olardın’ minez-qulqın, patriotlıq mazmung’a ha’m motivlerge tolı islerin ha’m jawıngerlik sawashların ashıp beriw ja’rdeminde qaraqalpaq da’stanlarında patriotizm temasın ashıp beriw.

Milliylikke dıqqat awdarıp, qaraqalpaq xalqının’ turmısın, da’stu’rlerin su’wretlewdegi qaraqalpaq da’stanlarındag’ı patriotizm. Qaharmanlıq-epikalıq shıg’armalardın’ patriotlıq motivlerin ku’sheytiw quralı, da’stanlardag’ı unamlı qaharmanlardın’ qaharmanlıq-patriotlıq kelbetin do’retiw; ana ta’biyat obrazın shın kewilden, muhabbat penen su’wretlew; da’stanlardag’ı Watan patriotlarının’ qaharmanlıq sawashların ha’m jen’islerin ayqın sa’wlelendiriwdegi ko’rkem-go`zzalıq o’zgeshelikleri («Edige», «Alpamıs», «Ma’spatsha» da’stanlarının’ teksti mısalında).

Qaharmanlıq-patriotlıq namalar menen u'ylestirilip, baylanıstırılg'an patriotlıq mazmundag'ı tekst boyınsha qaraqalpaq da'stanlarının' atqarıwshılıq o'neri - haqıyqıy patriotizm «mektebi».

***Terme*** - qaraqalpaq da'stanlarına kirisiw: a'dep-ikramlılıq, patriotizm, u'lken adamgershilikli haqıyqıy insandı ta'rbiyalaw haqqında, insannın' en' jaqsı sıpatları - Watan ushın gu'restegi ma'rtligi haqqında (da'stanlarg'a kirisiwdegi a'dep-ikramlılıq, qaharmanlıq-patriotlıq ideyalar). Qaraqalpaq da'stanlarındag'ı patriotlıq motivler, olardın' qaharmanlıq-patriotlıq obrazları patriotlar a'wladın ta'rbiyalag'an ha'm ele de ta'rbiyalaydı.

## *IX. Baqsılardın' atqarıwshılıq o'neri. Baqsılar do'retiwshiligi. Da'stanlardı atqarıw o'zgeshelikleri*

**Baqsıshılıq ha'm jırawshılıq o'neri** - atqarıwshılıq o'nerinin' jetekshi bag'darlarının' biri. Ata-babalarımızdın' baqsıshılıq ha'm jırawshılıq o'nerlerin qa'dirlewi.

**Baqsı ha'm jıraw** - qaraqalpaq xalqının' ma'deniyatın bayıtıwshı, barlıq da'wirlerde liroepikalıq ha'm muzıkalıq da'stu'rlerdi do'retiwshi, taratıwshı ha'm saqlawshı bolıp tabıladı. Baqsılardın' repertuarı: lirikalıq qosıqlar, terme, da'stanlar (insan ruwxının' qu'direti, joqarı a'dep-ikramlılıg'ı, qorshag'an ortalıqtag'ı go'zzallıg'ı haqqında - baqsılardın' bas muzıkalıq a'sbabı - duwtar, ha'm jırawlardın' bas muzıkalıq a'sbabı - qobız naması astında.

Haqıyqıy baqsı ha'm jırawlarg'a qoyılatug'ın talaplar: xalıqtın' da'stu'rlerin ha'm u'rp-a'detlerin biliw, ko'rkemlep oqıw, nama haqqındag'ı ilim (melodika), ko'rkem elementler kompleksi - bettin', denenin', ko'zdin', erinnin' ha'reketleri ha'm t.b., ashıq ha'm o'zine tartatug'ın dawısı, oylardın' do'retiwshilik pa'rwazı - joqarı ko'rkem ha'm jetilisken obrazlardı do'retiw, olardı qayta tu'rlendiriw, ilhamlanıp atqarıwı, da'stannın' mazmunına qatnaslı ekenin ko'rsetiw, ishki bay du'n'yası, mısalı, sheber baqsılar: Qarajan, Qurbanbay.

**Baqsılardın' do'retiwshiligi**. Baqsılardın' do'retiwshilikke ku'sh salıwlar xalıqtın' yadında da'stu'riy ko'rkem protsess sıpatında. ***Baqsının' do'retiwshiligi*** - bul, en' da'slep, xalıq awızeki do'retpesine qosqan jeke u'lesi bolıp esaplanadı.

### *Baqsılardın' do'retiwshiligi:*

1. Eski shıg’armalardı bayıtıw. O’z namaların, o’z syujetlerin do’retiw.

2. O’z do’retpesi ushın eski namalardı ha’m syujetlerdi, sonday-aq su’wretlew quralların, ritmlerdi, muzıkalıq stillerdi tan’law.

3. Eski namalardı o’zi aranjirovka islep qollanıw.

Da’stanlardı atqarıw o’zgeshelikleri. Da’stannın’ (a’sirler asıp) o’mir su’riw ha’reketi. Bir neshe a’sirler waqıyasın qamtıwı.

***Da’standı atqarıw*** - janlandırıwshı protsess. Da’standı sheber atqarıw - bul do’retiwshilik tu’rinin’ o’zgeriwi. Bayıtıw, tolıqtırıw, qısqartıw. Da’stanlardı aytıp beriw ha’m atqarıwdın’ baylanıslılıg’ı, baqsının’ ka’siplik sheberligi da’rejesine baylanıslı olardın’ ta’g’diri.

Da’stanlardı atqarıw, olarg’a qoyılatug’ın talaplar: o’zinin’ jeke shaxslılıg’ın ko’rsetip, da’standı o’z betinshe, jan’adan mazmunı menen bayıtıw; da’stannın’ syujetli jolların ayqın-ko’rkemlep beriw; tekstti atqarıwdın’ jeke jolı - qırıldag’an hawaz benen; atqarıw manerasındag’ı, betinin’, denesinin’ ha’reketlerindegi ha’m basqa usıllardag’ı o’zinin’ jolı; namalardı atqarıwdag’ı ha’m muzıka a’sbapların shertiwdegi o’z jolı.

Baqsı ha’m jırawlardın’ qa’biletli do’retiwshiligi ko’rkem bir pu’tinlikke: qosıq aytıw sheberligine ha’m muzıka a’sbabın shertiw sheberligine tiykarlang’an. Baqsılardın’ qa’biletli do’retiwshiligi - qobız ha’m duwtarda waqıyalardı xarakterli usıllar menen su’wretlewi (na’tiyjeli, jag’ımlı, mazmunlı). Su’wretlew roli bir qa’ddide u’ylesimli atqarılıwı ushın duwtar, qobızdı dawısına sazlaw a’hmiyetli.

**Baqsı ha’m jırawlar** - do’retiwshiler - improvizatorlar - taqmaqlap oqıwshılar - qosıqshılar - sazendeler. Baqsı ha’m jırawlar - da’stanlardı taratıwshı ha’m saqlawshılar. Qaraqalpaq baqsı ha’m jırawlarının’ atqarıwshılıq o’neri - qaraqalpaq xalqının’ ma’deniyatında jetekshi orındı iyelegen qaraqalpaq xalqının’ milliy maqtanıshı.

## *X. Baqsılardın’ da’stanlardı o’zlestiriwi*

***O’zlestiriw*** - emotsionallıq-unamlı keypiyatta bolıwdı, ıqlastı, qızıg’ıwshılıqtı, tiyisli sha’rtlerdi talap etetug’ın do’retiwshilik protsess.

Da’standı o’zlestiriw - da’standag’ı barlıq na’rseni esitip, tın’lap biliw, onın’ ishki mazmunın tu’siniw, onın’ qaharmanların (janlı) ko’re biliw, su’wretlep atırg’an waqıyalarının’

qatnasıwshısı bolıw, qaharmanlardın` qayg'ısına sherik bolıw.

Da'standı o'zlestiriwde qoyılatug'ın ulıwma talaplar: da'stannın' mazmunı, onın' ishki ma'nisi, xalıq danalıg'ı; atqarıwshının' emotsionallıg'ı - ol da'stan qaharmanlarının' sezimleri (qızıg'ıwshılıg'ı, g'a'zepleniwi, qayg'ısı, quwanıshı) menen jasap atır ma; rejissura; kompozitorlıg'ı; da'stan obrazların do'retiwdegi ko'rkem-su'wretlew quralları, sonın' ishinde, dawıs mu'mkinshilikleri; atqarıwshıda ko'p qırlı talanttın' ko'riniwi; tın'lawshılardın' emotsionallıq-sezimtallıq sferasına, onın' oy-o'risinin' bayıwına ta'sir etiwi, tın'lawshının' shaxsına ta'rbiyalıq ta'siri.

*Da'standı o'zlestiriwde qoyılatug'ın ayqın-professionallıq talaplar:*

❖ **ko'rkem obrazlar** - «da'stan obrazlarının' anıq ko'riniwi, qaharmanlardı tiri adam sıpatında ko'riw, olardın' ishki du'n'yasına dıqqat awdarıw, «olar menen «jasaw», waqıyalarında «qatnasıw»; obrazlardın' ashıp beriliwin qadag'alap otırıw, olardın' minezlemesine dıqqat beriw; shıg'armanın' ideyalıq mazmunında bas qaharmanlardın' obrazların, rollerin tu'siniw;

❖ **ko'rkemlew quralları** - tekst qalay aytıladı (proza tu'rinde, poeziya tu'rinde): obrazlardı ashıp beriwde, waqıyalardı su'wretlewde - aktyorlıq penen be, qanday hawaz benen: ko'mekeyli, belgili bir ma'nis penen, intonatsiyalı, rechitativ usılda, onın' barlıq mu'mkinshilikleri qollanıla ma, logikalıq pa'tler bar ma? baqsının' dawıs mu'mkinshilikleri menen obrazlar, waqıyalar ashıp berile me?

❖ **til quralları -** tildin' ko'rkem-su'wretlew quralları: epitetler, metaforalar, salıstırıwlar, ten'ewler, aytımlar, naqıl-maqallar, ushırma so'zler, qaytalawlar;

❖ **verbal' (awızsha) emes ha'm emotsionallıq quralları -** ko'zleri so'yley me, olar janıp tura ma, jaqtılıq tarata ma, saxnalıq ko'rinislerdi «ko'redi» me, atqarıwshının' mimikası, is-ha'reketleri, o'zin tutıwı, manerası. Olardın' maqsetli xızmeti emotsionallıq-ko'rkem wazıypanı atqara ma? Da'stan qaharmanlarına qatnası anıqlana ma?

❖ muzıkalıq-ko'rkemlew quralları - spetsifikalıq ritmli birlikler - al'teratsiya, parallelizm, qaytalawlardı qollanıwı.

❖ da'standı muzıka ırg'ag'ı menen tın'law bolıp, o'tip atırg'an waqıyalardın' man'ızına, qaharmanlardın' minez-qulqına teren' kiriwge, shıg'armanı emotsional'-tolqınlanıp

qabıllawg'a ja'rdem bere me?

**Baqsı ha'm jırawlardın' da'stanlardı o'zlestiriwi -** qızıg'ıwshılıqtı, ıqlastı, belgili bir bilim ha'm uqıplılıqtı, atqarıwshının' dawıs ha'm muzıkalıq o'nerin ko'rkem-estetikalıq o'zlestiriwi arqalı da'stan waqıyaların «ko'riw» ha'm tu'siniw uqıbın talap etetug'ın intellektual'-do'retiwshilik protsess. Baqsının' da'standı o'zlestiriw a'meli.

## *XI. Da'stanlardın' ha'zirgi qaraqalpaq ma'deniyatındag'ı ornı*

Da'stanlardın' ha'zirgi zaman adamlarına ha'm jas a'wladlarg'a ta'rbiyalıq ta'siri. Tın'lawshı-tamashago'yler talap etken da'stan o'neri da'stu'rlerinin' qayta rawajlanıwı. Oqıwshılardı ta'rbiyalawda da'stanlardan paydalanıw. Zamanago'y ko'rkem o'nerde baqsılardın' do'retiwshiligi.

Xalıq awızeki do'retpeleri: «Alpamıs», «Qırıq qız», «G'a'rip ashıq», «Berdaq», «A'jiniyaz», «Bozataw», «Tumaris», «Sha'r'yar» da'stanları tiykarında do'retilgen spektakller, simfoniyalıq shıg'armalar ha'm baletler. Tın'law. Ko'riw (teatrlarg'a barıw).

## *XII. Da'stanlar - qaraqalpaq xalqının' ullı milliy miyrası, du'n'ya ma'deniyatının' quram bo'leklerinin' biri*

**Ruwxıy-ag'artıwshılıq ku'shi.** Filosofiyalıq ha'm pedagogikalıq ideyalar. Da'stanlardın' estetikalıq potentsialı. Da'stanlardın' patriotizmi. Shaxstı ruwxıy, a'dep-ikramlılıq ha'm estetikalıq ta'rbiyalawdın' universal quralı. Da'stanlar - milliy maqtanıshımız. Da'stanlardın' du'n'yag'a tanılıwı.

Qaraqalpaq epikalıq da'stanlarının' du'n'ya a'debiyatındag'ı ornı (Gerodot o'zinin' «Tariyxlar» shıg'armasında ne haqqında aytqan edi; ullı qaraqalpaq shayırı Berdaq o'zinin' «Shejire» da'stanında ne haqqında jazg'an edi. Qaraqalpaq da'stanları - ja'miyet rawajlanıwının' erte da'wirindegi ha'm orta a'sir shıg'armaları, «İliada», «Odisseya», «Roland haqqında qosıq», «Maxabxarat», «İgor polki haqqında jır», «Shaxnama», «Manas», «Jungar», «La'yli-Ma'jnu'n», «Yusip-Zliyxa», «Farxad-Shiyrin», «Taxir-Zuxra», «Go'rug'lı», «Ga'rip ashıq», «Hu'rliqa-Ha'mre», «Yusip-Axmet», «Ashıq Na'jep» ha'm tag'ı basqalar menen qatar turatug'ın du'n'ya ma'deniyatının' biybaha g'a'ziynesi.

Qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’neri - da’stanlardı biliw - a’yyemgi ko’p qırlı awızeki ko’rkem do’retiwshilikti biliwge qoyılg’an qa’dem.

Oqıwshılardın’ tilegi boyınsha qaraqalpaq ha’m basqa da xalıqlardın’ ma’deniy-ko’rkem miyrası boyınsha basqa temalar da ko’rip shıg’ıladı.

### *XIII. «Da’stan bilimdanlarının’» jumısları*

Konsul’tatsiyalıq sabaqlar tsiklı. Ko’rik. Talqılaw, Bahalaw. Mekteptegi ha’r qıylı ilajlarg’a jumıstı usınıw.

*Da’stanlarg’a arnalg’an jumıslar.*

***Jazba jumıslar*** - pikir bildiriw, jeke pikiri, oy juwırtıw; shıg’armalar, bayanatlar, kishi lektsiyalar, referatlar; da’stanlardan ta’biyat ko’rinislerin, qaharmanlardın’ sırtqı tu’r-tu’sin ha’m minezlemelerin, tuwılg’an jeri, xalqı ushın jawıngerlik sawashların, aytımlardı, naqıl-maqallardı ha’m basqa da dana pikirlerdi ko’shirip jazıw; da’stanlarg’a ha’m olardın’ qaharmanlarına arnalg’an qosıqlar do’retiw; da’stanlardag’ı obrazlarg’a, waqıyalarg’a, qaharmanlarının’ is-ha’reketlerine du’zetiw kirgiziw ha’m jetilistiriw; da’standı (tan’lawına qaray), tekstti yamasa mazmunın (nama menen baylanıstırıp) o’zlestiriwin bayan etiw; tiyisli formada, do’retiwshilik bezewde so’zlik penen islesiw; bibliografiyalıq jumıslar (barlıq qag’ıydalar boyınsha); da’stanlar boyınsha informatsiyalıq materiallar: tariyxıy, zamanago’y, u’yreniletug’ın - qızıqtıratug’ın; da’stanlar boyınsha viktorina ushın sorawlar izlew ha’m du’ziw; qızıg’ıwshılıg’ı boyınsha materiallardı komp’yuter arqalı izlew.

❖ ko’rkem-su’wretlew jumısları: su’wretler, sızılmalar, illyustratsiyalar (da’stan tekstinen alg’an ta’sirleri boyınsha); kompozitsiya sxemaları, da’stan syujetleri;

❖ ko’rkem-atqarıwshılıq jumıslar: da’standı atqarıw - tekstti oqıw, so’zli-muzıkalı atqarıwshılıq; kishkene saxnalar, instsenirovkalar (da’stan qaharmanları turmısınan, olar menen bolıp o’tken waqıyalar, tariyxlar); da’stan qaharmanlarının’ dialogları.

Kollektsiyalıq jumıslar - xalıq do’retpeleri, sonın’ ishinde qaraqalpaq da’stanları, olardın’ su’wretleri haqqında aytılg’anlardı; qaraqalpaq da’stanları, xalıq do’retpeleri ha’m qaraqalpaq xalqının’ ha’m basqa da xalıqlardın’ ko’rkem miyrası haqqında materiallardı; qaraqalpaq fol’klorı ha’m basqa da xalıqlardın’ fol’klorları boyınsha kitaplardı izlew.

**Eskertiw:**

***Oqıwshılardın' to'mendegi jumısları ayrıqsha xoshametlenedi:***

- da'standag'ı tekst qatarların muzıka ırg'ag'ı menen o'zlestiriwi (ko'rkem-analitikalıq xarakterdegi); tariyx, da'stan teoriyası ha'm tiykarları boyınsha intellektual'-do'retiwshiligi;
- tariyxıy biografiyalıq - baqsı ha'm jırawlardın' o'miri ha'm muzıkalıq iskerligi haqqında;
- analitikalıq - da'stanlardın' ko'rkem-estetikalıq o'zgesheliklerin, olardın' patriotlıq motivlerin u'yreniw boyınsha;
- ko'rkem-do'retiwshilik - qosıq, da'stanlardı jeke do'retiwi;
- atqarıwshılıq («atqarıwshılıq sheberligi sabag'ı»nda baqsılardın' atqarıwshılıq o'nerin men'geriw na'tiyjesinde); muzıka a'sbapları, olardın' tariyxı haqqında;
- da'standag'ı go'zzallıq haqqında;
- da'standag'ı patriotlılıq haqqında;
- baqsılardın' da'stanlardı atqarıw sheberligi haqqında;
- ha'zirgi zaman qaraqalpaq, du'n'ya ju'zlik ma'deniyatındag'ı da'stanlar haqqında; shaxstın' jetilisiwinde da'stan bilimlerinin' roli haqqında.

**Ma`sla`ha`t sabaqları:**

- jumıstı tan'law, onın' orınlanıw texnologiyası, «ko'rsetiwge» tayarlanıwı; o'z betinshe bilim alıwı boyınsha.

Jumısların ko'rsetiw ha'm olardın' (mug'allimler menen birgelikte oqıwshılardan du'zilgen) to`reshi ta'repinen dodalanıwı, jumıslardı bahalaw ha'm mektepte o'tkeriletug'ın ha'r qıylı ilajlarg'a usınıw (konkurs, ko'rik, olimpiada; klasslarda, erteliklerde, keshelerde, ata-analar jıynalıslarında shıg'ıw).

## *XIV. Mektep oqıwshıların da'stanlardı atqarıwg'a u'yretiw*

Konkurs ha'm oqıwshılardı tan'law (uqıbına qaray).

Da'standı atqarıw sabag'ı. Da'standı u'yreniw: oqıw, mazmunın tallaw. Emotsionallıq-mazmunlı tiykarına kiriw, qaharman menen birge «jasaw», olarg'a qayg'ırıw. Ta'biyat, qaharmanlardın' obrazların jasawda, da'stan waqıyaların su'wretlewde ko'rkem-su'wretlew

quralların u'yreniw. Anıqlılıqqa, obrazlılıqqa, ta'sirlilikke, til estetikasına, so'zli-muzıkalı atqarıwshılıqqa. ulıwma da'standı atqarıw estetikasına dıqqat awdarıw. Unamlı qaharmanlardın' go'zzal ha'reketleri, ko'rsetken jawıngerliklerin ana ta'biyattın' go'zzallıg'ı menen, dushpannan qorg'ap atırg'an Watannın' sheksiz ken'islikleri menen baylanıstırıp, patriotizm temasın yaki motivlerin ajıratıw. Bulardı barlıg'ında: tekstte, dawısında, namasında, atqarıw jolında. onın' texnikasında, atqarıwshının' minez-qulqında ajıratıw.

**Eskertiw:**

***1. Ha'r bir oqıwshı menen jeke tu`rde to'mendegi jumıslar o'tkeriledi:***

- dawıstı sazlaw boyınsha;
- xalıq muzıkalıq a'sbabın shertiwdi u'yretiw boyınsha;
- atqarıwshının' za'ru'rli texnikasına dıqqat awdarıp, da'standı so'zli-muzıkalı atqarıw boyınsha (kirisiw, bo'limin yamasa tolıq da'standı).

2. Atqarıw sabaqlarının' tsiklı o'tkeriledi.

**XV. Ha'r qıylı mektep ilajlarında «da'stan bilimdanları»nın' ha'm «jas baqsılar»dın' atqarıwı:** konkurslarda, ko'rgizbelerde, olimpiadalarda, ko'riklerde; klasslar boyınsha ag'artıwshılıq wazıypası menen; erteliklerde, keshelerde, ata-analar jıynalıslarında.

**XVI. Oqıwshılar menen juwmaqlawshı gu'rrin':** qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'neri - baqsılar da'stanın u'yreniw ha'm do'retiwshilik penen qollanıw boyınsha, olardın' bul protsess qatnasıwshılarının' shaxsın estetikalıq ha'm patriotlıq bayıtıwdag'ı roli.

A'meliy izertlew mektep ta'rbiyalanıwshılarının' basqıshpa-basqısh na'tiyjeleri boyınsha qadag'alaw ha'm eksperimental toparlarda islep shıg'ılg'an to'mendegi tiyisli o'lshemlerde o'tkeriledi:

***I. Oqıwshının' qızıg'ıwshılıg'ı ha'm ıqlası***

1. Qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'neri - baqsılar da'stanın u'yreniw.
2. Baqsılar da'stanın tın'law.
3. Bul atqarıwshılıq o'nerdi men'geriw (uqıbına qaray).

***II. Oqıwshılardın' da'stanlar haqqındag'ı bilimi ha'm tu'sinigi:***

1. Da’stanlardın’ derekleri, tariyxı haqqında.

2. Da’stanlardın’ teoriyalıq tiykarları, olardın’ atqarıwshılıg’ı haqqında.

3. A’psanawiy ha’m ullı da’stan atqarıwshılar haqqında.

4. Baqsı ha’m jırawlardın’ atqarıwshılıq o’neri haqqında.

***III. Da’stanlardı, sonın’ ishinde baqsı ha’m jırawlardın’ atqarıwındag’ı da’stanlardı o’zlestiriw ha’m ma’nisin tu’siniw.***

1. İdeyalıq maqsetin, syujetin, mazmunın.

2. Ko’rkem-estetikalıq quralların, o’zgesheliklerin.

3. A’dep-ikramlılıq mazmunın - patriotlıq motivlerin.

4. Muzıkalıq tiykarların, nama qurılısları da’stanlardın’ a’dep-ikramlılıq - qaharmanlıq-patriotlıq ha’m estetikalıq mazmunın ashıp beriw quralı sıpatında.

***IV. Do’retiwshilik.***

1. Da’stanlardın’ tariyxı, teoriyası, da’stanlardın’ estetikalıq ha’m patriotlıq mazmunı, baqsı ha’m jırawlardın’ do’retiwshiligi boyınsha intellektual’-do’retiwshilik jumıslar.

2. Qaharmanlıq - patriotlıq mazmundag’ı da’stanlardın’ atqarılıwın texnikalıq-estetikalıq, ko’rkem-estetikalıq da’rejede bilip alıw (uqıbına qaray).

***V. Oqıwshılar ta’repinen o’zlestirilgen bilim, uqıplılıq ha’m sheberliklerdi mekteptegi ha’r qıylı ilajlarda do’retiwshilik penen qollanıw.***

1. Ag’artıwshılıq - qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’neri - da’stanlar boyınsha lektsiyalar, bayanatlar.

2. Ha’r qıylı ilajlarda qatnasıw («Qaraqalpaq da’stanları» teması boyınsha)

Klasslarda:

a) bilim beretug’ın - qızıqlı gu’rrin’ler, viktorinalar,

b) jumıslar konkursında qatnasıw,

v) ko’rkem ha’weskerlik nomerler ko’riginde qatnasıw, son’ında erteliklerde, keshelerde ha’m basqa ilajlarda (da’stan syujetleri ha’m waqıyaları boyınsha instsenirovkalar, da’stanlardı jas baqsılar atqarıwında) qatnasıw.

***VI. O’z betinshe bilim alıw ha’m o’z-o’zin ta’rbiyalaw***

1. Da’stanlar haqqındag’ı bilimin bayıtıw ha’m teren’lestiriw.

2. Jetilistiriw

a) a’dep-ikramlılıq

b) estetikalıq sıpatların.

3. O’z-o’zine baha beriw.

Oqıwshılardı maqsetli ta’rbiyalaw, oqıw bag’darlaması («Muzıka - muzıka ma’deniyatı»), bir qansha du’zetiwler kirgizilgen. «Da’stan bilimdanları» avtorlıq bag’darlaması boyınsha (klasstan tıs jumıslar ushın); na’tiyjeli texnologiyalarda, metodlarda, a’mel ha’m usıllarda, sonın’ ishinde jan’a usıllarda a’melge asırıladı.

***Eksperimental’ izertlewlerdin’ bazaları, ob’ektleri ha’m sub’ektleri:***

- orta ulıwma bilim beretug’ın mektepler;
- oqıwshı-o’spirimler;
- muzıka mug’allimleri;
- klasstan tıs sabaqlar;
- mektep ilajları.

Eksperimental’ jumıstın’ tiykarg’ı forması - klasstan tıs jumıs.

A’dep-ikramlılıq-qaharmanlıq-patriotlıq ha’m estetikalıq ta’rbiyanın’ baslı aqırg’ı na’tiyjeleri - oqıwshılardın’ patriotlıq ha’m tiykarg’ı estetikalıq sıpatları.

Oqıtıwshı-eksperimentatorlar eksperimentallıq izertlewge tayarlanadı.

To’mendegi temalar boyınsha jıynalıslar, ushırasıwlar, seminarlar, konsul’tatsiyalar ha’m dodalawlar o’tkeriledi: «O’sip kiyatırg’an a’wladtı ta’rbiyalawda milliy ha’m ulıwma insanıylıq baylıqlar haqqında ma’mleketlik bilimlendiriw siyasatı», «O’zin’nin’ ha’m basqa xalıqlardın’ milliy ma’deniyatın biliwdin’ a’hmiyeti ha’m talapları», «Oqıwshılardı ta’rbiyalawda milliy-ma’deniy da’stu’rlerden paydalanıw», «Baqsılardın’ qaraqalpaq xalıq da’stanların atqarıw sheberligi - oqıwshılardı ta’rbiyalawdın’ (a’dep-ikramlılıq, estetikalıq) faktorı sıpatında», «Oqıwshılardı ta’rbiyalawda qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq sheberligin paydalanıwdın’ pedagogikalıq tiykarların izertlew: maqseti, ma’seleleri, tiykarg’ı bag’darı, mazmunı, siteması», «Oqıwshılardı (a’dep-ikramlılıq, estetikalıq) ta’rbiyalawda qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq sheberligin paydalanıwdın’ printsipleri, sha’rtleri, metodları ha’m metodikalıq usılları», Muzıka sabag’ında oqıwshılardı ta’rbiyalawda qaraqalpaq xalqının’

atqarıwshılıq sheberligi - baqsılardın' da'stanların paydalanıwdın' pedagogikalıq tiykarları», «Klasstan tıs waqıtları oqıwshılardı ta'rbiyalawda qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq sheberligi - baqsılardın' da'stanların paydalanıwdın' pedagogikalıq tiykarları», eksperimentallıq izertlewlerdin' boljaw na'tiyjeleri ha'm olardın' diagnostikası», «Muzıka boyınsha eksperimentallıq sabaqlardın' mazmunı», «Da'stan o'nerin u'yreniw ha'm men'geriw boyınsha klasstan tıs eksperimental' sabaqlardın' mazmunı»; konsul'tatsiyalar - eksperimental' sabaqlardın' mazmunı, texnologiyası ha'm metodikası boyınsha; dodalawlar: metodikalıq jumıslar, oqıwshılarg'a beriletug'ın tapsırmalar, oqıtıwshılarg'a, oqıwshılarg'a qoyılatug'ın talaplar.

Eksperimental' izertlewde da'stu'riy ha'm innovatsiyalıq metodlar tiykarg'ı anıqlawshı diagnostikalıq metodlar boldı, en' na'tiyjelileri: belgili bir temalarg'a, anıq sorawlar boyınsha (jazba yamasa awızsha juwap talap etetug'ın) anketalar ha'm sorawnamalar, ha'r qıylı variantta: o'zin-o'zi bahalawg'a, oqıwshılardın' qızıg'ıwshılıqların, uqıpların, talapların, bilim da'rejesin, pikir ju'ritiwin, oylap juwmaq shıg'arıwın, jeke juwmaqların, sheshimler tan'lawın anıqlaw ushın testler. Ga'plerdin' a'hmiyetliligine qaray, qatarda jaylasıwına qaray, shkalalaw, anıqlaw metodları qollanıladı. Ta'rbiyanın' san ha'm sapa ko'rsetkishlerine (patriotlıq ha'm estetikalıq), olardın' analizine ha'm bahasına dıqqat awdarıladı. Juwmaqlawshı na'tiyjeler ekspertler (mug'allim-eksperimentatorlar) ta'repinen u'yreniledi, dodalanadı ha'm bahalanadı.

## TESTLER, ANKETALAR, SORAWNAMALAR

### №1. ANKETA

***Maqseti:*** oqıwshılarda qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'neri - baqsılardın' da'stanların u'yreniwge, tın'lawg'a ha'm men'geriwge qızıg'ıwshılıq ha'm inta oyatıw.

***Sorawlar:***

**1. Siz qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'neri - baqsı ha'm jırawlardın' da'stanların u'yreniwdi, tın'lawdı, men'geriwdi qa'leysiz be?**

a) awa; b) onsha emes; v) qa'lemeymen:

(astın sızın')

**2. Sizde qaraqalpaq da'stanlarına qızıg'ıwshılıq bar ma?**

a) awa - u'lken ha'm ba'rqulla; b) awa – bar; v) awa - da'wirli qızıg'ıwshılıq joq:

(astın sızın')

**3. Sizdi qaraqalpaq da'stanlarında ayrıqsha ne qızıqtıradı? (jazın')**

### №1. SORAWNAMA

***Maqseti:*** baqsılardın' dastanları haqqında tariyxıy ha'm teoriyalıq bilim ha'm tu'siniklerin, sonday-aq, a'psanalıq ha'm ullı da'stan atqarıwshı baqsı-jırawlar, olardın' o'nerleri haqqında bilim ha'm tu'siniklerin anıqlaw.

*Sorawlar:*

1. Qaraqalpaq atqarıwshılıq o'neri - da'stanlar qashan payda bolg'an?
2. Da'stanlardın' tu'rlerin aytıp berin'.
3. Da'stanlardın' tiykarg'ı temaları ha'm motivleri.
4. Da'stanlarda «tolg'aw» ha'm «terme» qanday rol' atqaradı?
5. Baqsı ha'm jırawlar kimler?
6. Ullı ha'm ataqlı baqsılardı aytın'.
7. 3-5 qaraqalpaq da'stanının' atın aytın'.
8. Qaraqalpaq da'stanlarının' 3-5 unamlı qaharmanların atan'.
9. Sizin' jaqsı ko'retug'ın da'stanın'ız bar ma?
10. Da'standa sizin' jaqsı ko'retug'ın qaharmanın'ız.

### №1. TEST

***Maqseti:*** Oqıwshılardın' baqsı ha'm jırawlardın' da'stanların o'zlestiriw uqıbın anıqlaw:

- temasın, ideyalıq maqsetin, syujetin, kompozitsiyasın, mazmunın;
- ko'rkem-estetikalıq o'zgeshelikleri (teksttin', namanın');
- a'dep-ikramlılıq mazmunın - patriotlıq motivlerin;
- muzıkasın, namasın da'stannın' a'dep-ikramlılıq (patriotlıq) mazmunın ha'm estetikalıq qa'diriyatların ashıp beretug'ın quralı sıpatında.

***Sorawlar:***

1. Siz qaraqalpaq da'stanlarında:

a) temanın' ma'nisin tu'sinesiz be?

b) syujetlik bag'darın ajırata alasız ba?

v) kompozitsiyasın anıqlay alasız ba?

g) ideyasın, mazmunın tu`sine alasız ba?

d) tildin' su'wretlew quralların an'lay alasız ba?

e) da'stan tekstlerin, olardın' qosıqların; - namaların, olardın' atqarılıwının' ko'rkem-estetikalıq o'zgesheliklerin anıqlay alasız ba?

j) a'dep-ikramlılıq qaharmanlıq-patriotlıq motivlerin ajırata alasız ba?

z) bas qaharmang'a minezleme bere alasız ba (da'stan teksti boyınsha)?

i) Qaraqalpaqstannın' go'zzal ta'biyatın su'wretley alasız ba?

k) Watan, ta'biyattag'ı, turmıstag'ı, o'mirdegi go'zzallıqlar haqqında dana pikirlerdi taba alasız ba?

(tag'ı nelerdi isley alatug'ının'ızdı jazın').

Eger juwabı: «awa» bolsa, onda + qoyın'.

Eger juwabı: «yaq» bolsa, onda - qoyın'.

## №2, 3, 4. ANKETALAR

***Maqseti:*** da'stanlar, baqsılar o'neri boyınsha oqıwshılardın' do'retiwshiligin anıqlaw.

I. Da'stanlar tariyxı ha'm teoriyası, da'stanlardın' patriotlıq mazmunı, da'stanlardın' ko'rkem-estetikalıq o'zgeshelikleri, baqsılardın' do'retiwshiligi ha'm tag'ı basqalar boyınsha intellektual'-do'retiwshilik jumıslar.

II. Qaharmanlıq-patriotlıq mazmundag'ı da'stanlardı baqsılardın' atqarıw o'nerin texnikalıq-

estetikalıq ha'm ko'rkem-estetikalıq da'rejede men'geriw (uqıbına qaray).

III. Oqıwshılardın' o'z bilimlerin, talantın ha'm uqıplılıqların da'stanlar tarawı boyınsha mektepte o'tkeriletug'ın ha'r qıylı ilajlarda ko'rsetiw mu'mkinshiligi:

- ag'artıwshılıq ilajlarda;
- da'stanlar haqqında sa'wbetler, viktorinalar ha'm t.b. (klasslar boyınsha);
- konkurslar;
- ko'rik-tan'lawlar;
- keshelerde ha'm tag'ı basqa ilajlarda atqarıw (da'stanlar oqıw, da'stan syujetleri ha'm waqıyaları boyınsha instsenirovkalar ha'm t.b.).

## №2. ANKETA

***Sorawlar:***

**1. Da'stanlar boyınsha qandayda bir tapsırmalar yaki jumıslar orınlandı ma?**

a) awa; b) yaq:
(astın sızın')

**2. Eger da'stanlar boyınsha tapsırmalar yaki jumıslar orınlang'an bolsa, onda qaysıları orınlandı?**

a) da'stanlar tariyxı boyınsha;

b) da'stanlar teoriyası boyınsha;

v) da'stanlardın' patriotlıq mazmunı boyınsha;

g) da'stanlardın' ko'rkem-estetikalıq o'zgesheliklerin talqılaw boyınsha basqaları (tolıqtırın'):
(astın sızın')

3. Da'stanlar boyınsha qanday tapsırma yaki jumıslardı orınlawdı qa'leysiz? (jazın')

______________________________________________

## №3. ANKETA

***Sorawlar:***

**1. Baqsılardın' atqarıwshılıq o'neri boyınsha tu'sinikke iyesiz be?**

a) awa – bar;

b) awa, biraq tolıq emes;

v) iye emespen:
(astın sızın')

**2. Da'stan atqarıwda ta'jiriyben'iz bar ma?**

a) awa – bar;

b) joq;

v) juwap joq:

(astın sızın’)

**3. Da’stan atqarıwdı u’yreniwge ıqlasın’ız bar ma?**

a) awa - ju’da’ qa’leymen;

b) awa - onsha emes;

v) bilmeymen;

g) qa’lemeymen:

(astın sızın’)

**4. Da’standı qalay atqarg’ın’ız keledi?**

a) tekst boyınsha oqıw;

b) yadtan oqıw;

v) tekst boyınsha aytıw;

g) yadtan aytıw;

d) xalıq saz a’sbabın shertiw ha’m aytıw:

(astın sızın’)

**5. Qaysı qaraqalpaq da’stanın atqarg’ın’ız keledi?**

(jazın’)

___________________________________

**№4. ANKETA**

***Sorawlar:***

**1. Mektepte qandayda bir ilajlarda atqarg’an waqtın’ız boldı ma?**

a) awa - jiyi;

b) awa - jiyi emes;

v) awa - 2-3 ret;

g) bolg’an joq:

(astın sızın’)

**2. Eger mekteptegi ilajlarda atqarg’an bolsan’ız, onda ol qanday ilaj edi?**

a) bayanat;

b) lektsiya;

v) konkurs;

g) ko'rik-tan'law;

d) olimpiada;

e) ertelik;

j) mektep keshesi;

ha'm t.b. (tolıqtırın'):
(astın sızın')

**3. O'zin'iz atqarg'an temalardı atap o'tin':**

___________________________________

**4. Mektepte o'tkerilgen ha'r qıylı ilajlarda shıqqanda qaraqalpaq xalıq do'retpelerine, da'stanlarg'a arnalg'anı boldı ma?**

a) awa – boldı; b) yaq - bolg'an joq:
(astın sızın')

**5. Mektepte qaysı temag'a ha'm qay jerde shıg'ıwdı qa'leysiz?**

Tema: _______________

Qanday ilajda ____________________

**№5. ANKETA**

***Maqseti:*** mektep oqıwshılarının' o'z-o'zin (o'z bilimin) jetilistiriwde – da'stan haqqındag'ı bilimin bayıtıwda; a'dep-ikramlılıg'ın jetilistiriwde; o'zinin' estetikalıq sıpatların jetilistiriwde intasın, qızıg'ıwshılıg'ın ha'm talapların anıqlaw.

***Sorawlar:***

**1. O'zin'izdin' rawajlanıwın'ız, bilimin'iz, ta'rbiyan'ız haqqında oylap ko'rdin'iz be?**

a) awa - ju'da' jiyi;

b) awa - jiyi emes;

v) awa - biraq, siyrek;

d) yaq - oylap ko'rmedim:

(astın sızın')

**2. Sizde o'z-o'zin'izdi jetilistiriwge ıqlasın'ız bar ma?**

a) awa - ju'da' u'lken;

b) awa – bar;

v) awa - biraq, onı qalay a’melge asıramız?

g) bilmeymen;

d) ıqlasım joq:

(astın sızın’)

**3. Sizde qaraqalpaq awızeki do’retpesin, mısalı, da’stanlardı teren’ u’yreniwge qızıg’ıwshılıg’ın’ız bar ma?**

a) awa - qızıg’ıwshılıg’ım ju’da’ u’lken;

b) awa - qızıg’ıwshılıq bar;

v) qızıg’ıwshılıq payda bolıp atır;

g) onsha qızıg’ıwshılıq joq:

(astın sızın’)

**4. Sizde o’zin’izdi a’dep-ikramlılıq jaqtan, mısalı, patriotlıq, tu’siniklerdi ha’m sezimlerdi jetilistiriwge talap bar ma?**

a) awa - bar ha’m talap ju’da’ u’lken;

b) awa - belgili da’rejede talap bar;

v) awa - bar, biraq onı qalay a’melge asıramız?

g) bilmeymen;

d) onday talap joq:

(astın sızın’)

**5. Sizde o’zin’izdin’ estetikalıq bilimlerin’izdi ha’m talg’amların’ızdı teren’letiwge ha’m ken’eytiwge talap bar ma, mısalı, qorshag’an ortalıqtag’ı go’zzallıqtı, insandag’ı ma’na’wiy-estetikalıq go’zzallıqtı, minez-qulıqtı, is-ha’reketlerdi ha’m t.b.?**

a) awa - ju’da’ u’lken talap bar;

b) awa - onday talap bar;

v) onday talap bar ekenin sezemen;

g) onday talap bolıwı kerek;

d) onday talap joq:

(astın sızın’)

## №2. SORAWNAMA

***Maqseti:*** o’zinin’ rawajlanıwında ha’m (a’dep-ikramlılıq ha’m go`zzalıq) ta’rbiyasında qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’neri - da’stanlardı u’yreniwdin’ roli haqqında

oqıwshılardın’ pikirin anıqlaw

***Sorawlar:***

1. Bizlerge xalıq do’retiwshiligin, mısalı, fol’klordı biliw ne beredi?

2. Qaraqalpaq da’stanların u’yreniw sizge ne berdi?

3. Da’stanlardı u’yreniw sizge ne berdi?

4. Qaraqalpaq da’stanlarındag’ı qaharmanlıq-patriotlıq temalar sizge ta’sir etti me?

5. Qaraqalpaq da’stanlarında siz unatqan qaharman-patriot bar ma? Kim? Ne ushın tek ol sizge unadı?

6. Qaraqalpaq da’stanlarındag’ı ta’biyattın’, haywanlardın’ ta’sirli-su’ykimli su’wretleniwi sizge qalay ta’sir etti?

7. Qaraqalpaq da’stanlarının’ estetikası (go’zzallıg’ı) nede?

8. Qaraqalpaq da’stanlarının’ ko’rkem-estetikalıq ta’repleri, atap aytqanda, tildin’ su’wretlew quralları, teksttin’ ha’m namalardın’ atqarılıwı sizdi nege u’yretti?

9. Qaraqalpaq da’stanların u’yreniw - sizin’ a’dep-ikramlılıq ta’rbiyan’ızg’a - tu’siniklerin’izge, sezimlerin’izge, is-ha’reketlerin’izge ta’sir etti me?

10. Qaraqalpaq da’stanların u’yreniw sizin’ estetikalıq ta’rbiyan’ızg’a - estetikalıq qabıllaw, biliw, oylaw, pikirlew, estetikalıq baylıg’ın’ızg’a ta’sir etti me?

11. Siz minez-qulıq ha’m is-ha’reketlerdin’ go’zzallıg’ı haqqında oylaysız ba?

12. Sizin’ «Da’stan bilimdanları» do’geregindegi sabaqlar haqqında pikirin’iz.

## KLASSTAN TIS JUMISLARINDA QARAQALPAQ DA'STANLARIN PAYDALANIW TİYKARINDA 5-7-KLASS OQIWShILARIN TA'RBİYaLAWDIN' PEDAGOGİKALIQ SİSTEMASIN A'MELDE QOLLANIW MODELİ

### *Texnologiyalar*

- ZXU (BBB - bilemen-bilgim keledi-bildim)
- aqılıy hu`jim
- sheshiwshi mashqalalar boyınsha soraw-juwap
- pitpegen ga'pler
- jag'day payda etiw
- emotsionallıq-a'dep-ikramlılıq, emotsionallıq-estetikalıq keshirmeleri bar;
- teoriyalıq ha'm a'meliy bilimlerdi tabıw ha'm paydalanıw za'ru'rligi bolg'an mashqalalı

### *Oqıwshılar iskerliginin' tu'rleri*

- tariyxıy, teoriyalıq talqılaw
- mazmunın tu'sinip alıw
- o'zlestiriw
- ko'rkem-go`zzalıq o'zgesheliklerin ko'rip shıg'ıw
- intellektual'-do'retiwshilik jumıslarda qatnasıw
- ag'artıwshılıq jumısların alıp barıw
- o'z betinshe bilim alıw
- sotsiallıq-kommunikativlik, sotsiallıq-do'retiwshilik jumıslar
- terminlerge tu'sinik beriw
- a'meliy bag'dar beriw xarakterindegi temalardı kirgiziw - «da'stan atqarıwshılıq sabaqları», «jas baqsılardın' atqarıwshılıq sabaqları»
- atqarıwshılıq
- tın'law
- aytıp beriw
- bilim beretug'ın qızıqlı mag'lıwmatlardı izlew ha'm sistemalastırıw
- shıg'arma
- bayanatlar
- referatlar

### *Metodlar*

- aqıl-na'siyat
- motivatsiya

***№2. Keste***

**QARAQALPAQ XALQININ' ATQARIWShILIQ O'NERİ - DA'STANLARDI QOLLANIW TİYKARINDA 5-7- KLASS OQIWShILARIN PEDAGOGİKALIQ TİYKARDA TA'RBİYaLAW SİSTEMASI**

***Ta'rbiyalıq jumıslardın' forması***

**A'debiyat ha'm muzıka ma'deniyatı boyınsha sabaqlar**

**Klasstan tıs jumıslar- «Da'stan bilimdanları» do'geregi**

***Oqıwshılardı ta'rbiyalaw printsipi***

- intellekt;
- jas ha'm individual' o'zgesheliklerin esapqa alıw;
- demokratiyalastırıw;
- gumanizatsiyalaw;
- ag'artıw;
- o'z betinshe bilim alıw;
- sotsiallıq kommunikativlik;
- do'retiwshilik;
- milliy ha'm ulıwma insanıy birlik

***Da'stanlardı u'yreniw basqıshları***

- da'stanlardın' tariyxı;
- da'stanlar qurılısının' ha'm atqarıwdın' teoriyalıq tiykarları;
- qızıqlı syujet ha'm ayqın personajları bar da'stanlar menen tanısıw;
- o'zlestiriw - ideyalıq mazmunın bilip alıwdın' emotsionallıq reaktsiyası;
- ko'rkem-estetikalıq o'zgesheliklerin anıqlaw - muzıka ırg'ag'ında - xalıq saz a'sbabın shertiw

***Kriteriyalar***

- da'standı u'yreniwge qızıg'ıwshılıg'ı ha'm ıqlası;
- da'stanlar haqqında bilimi ha'm tu'sinigi;
- da'stanlardı o'zlestiriw ha'm an'law;
- do'retiwshilik;
- o'z betinshe bilim alıw ha'm o'z-o'zin ta'rbiyalaw

## PEDAGOGİKALIQ TEXNOLOGİYaLAR

Eksperiment protsesinde klasstan tıs jumıslarda qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'neri - baqsılar da'stanlarında oqıwshılardı ta'rbiyalawdın' aldıng'ı texnologiyaları qollanıldı.

I. Da'stanlardı, baqsılardın' atqarıwshılıq sheberligin u'yreniwdegi pedagogikalıq texnologiyalar.

II. Pedagogikalıq texnologiyanın' interaktiv metodı - epikalıq shıg'armalar (ha'm olardın' namaları) boyınsha.

### *1. Da'stanlar haqqında bilimleri boyınsha jarıs*

***Maqseti:*** oqıwshılardı temanı o'zlestiriwin ku'sheytiw

*Texnologiyası:*

Ulıwma da'stanlar ha'm onın' ayırım bo'limleri boyınsha sorawlardı jazıw (taxtada, plakatta).

Oqıwshılardın' juwapları (qa'legen formada). Oqıwshılardın' du'zetiwleri ha'm tolıqtırıwları.

Pikir almasıwlar.

Juwmaqlaw - mug'allimler.

II. BBB (bilemen, bilgim keledi, bildim) metodı

***Maqseti:*** Oqıwshılarda da'stanlar boyınsha bilim da'rejelerin anıqlaw; Oqıwshılardı jan'a bilimlerdi alıw ha'm ken'eytiwge mobilizatsiyalaw.

Temanın' xabarları.

Tema boyınsha sorawlar dizimi (belgilileri ha'm jan'aları).

Jan'a sorawlar - tapsırmalar boyınsha materiallardı usınıw.

Oqıwshılardın' jumısı (aldın iyelengen bilimlerdi mobilizatsiyalaw, jan'a materiallardın' juwapların izlew ha'm tayarlaw).

Oqıwshılardan soraw (4-6).

Oqıwshılardın' jan'a materiallardı iyelew, sonın' menen birge bar bilimlerin paydalanıw da'rejesi haqqında mug'allimnin' juwmag'ı.

Temanı teren'irek u'yreniwi ushın a'debiyatlardı usınıw.

### *«Aqılıy hu'jimi» metodı*

***Maqseti:*** Oqıwshılardın' da'stanlar boyınsha iyelegen bilimlerin aktivlestiriw; do'retiwshilik aktivlikti ha'm o'nimdarlıqtı ko'termelew. Batıllıq ha'm oylaw aktivligi sha'rti menen.

***1-tur.***

Sorawlar - oqıwshılarg'a (belgili bir tema yaki bo'lim boyınsha, tolıq bag'darlama boyınsha).

Olarg'a oqıwshılardın' tez juwap beriwi (qadag'alanbaydı, bahalanbaydı ha'm dodalanbaydı).

Oqıwshılardın' aytqan ideyaların, oyların, pikirlerin ulıwma talqılaw ha'm orınlıların ajıratıp ko'rsetiw.

***2-tur.***

Oqıwshılardın' juwapların mug'allimnin' aktsentuatsiya qılıwı (3-4).

Olardın' ja'ma'a'tlik dodalawı ha'm talqılawı (mug'allim ta'repinen), «aqıl hu'jimi»nin' juwmag'ın shıg'arıw.

Sabaqta: da'stanlar haqqında sheshiwshi sorawlar boyınsha soraw-juwap; qızıqlı-u'yreniletug'ın jarıslar (aldın ala tayarlanıp yamasa tayarlıqsız); «ma'nisine jetiw»ge «tapsırma ju'klew» (*mısalı:* «Bul baqsı yaki jırawdın' so'zi de jaqsı, naması da jaqsı», «baqsı ha'm jırawlardın': so'zin ha'm namasın tın'lap biliw - u'lken ilim»); «oydı tolıqtırıw» (mısalı, da'lillew, ga'pti tolıqtırıp jazıw: «Da'stan do'retiw - bul ... xızmeti (o'tmishtin'); «Da'stanlardı do'retiwshi, saqlawshı, tarqatıwshı ... bolıp esaplanadı» (xalıq) elementleri qollanıladı.

I. Baqsı ha'm jırawlarg'a da'standı o'zlestiriwde qoyılatug'ın talaplar.

***1. Ko'rkem obrazlardı o'zlestiriw:***

a) da'stan obrazların «ko'riw», personajlarg'a, olardın' ishki du'n'yasına tirilerdey dıqqat awdarıw, olar menen birge «jasaw», waqıyalarda birge «qatnasıw»;

b) obrazlardı ashıp beriwin qadag'alap otırıw, olardın' minezlemesine dıqqat awdarıw;

v) shıg'armanın' ideyalıq oyında bas qaharman obrazları rolinin' ma'nisine jetiw.

***2. Ko'rkemlew quralların u'yreniw - o'zlestiriw:***

a) tekst qalay oqıladı (qara so'z tu'rinde, qosıq tu'rinde): obrazlardı ashıp beriwde, waqıyalardı su'wretlewde - aktyorlarsha, qanday hawaz benen (tamaqtan, belgili bir ma'nili etip, intonatsiyası menen), dawıstın' sheksiz mu'mkinshiliklerin qollanıp; logikalıq pa'tler bar ma, obrazlar, waqıyalar baqsının' dawıs mu'mkinshilikleri menen ashıp berileme.

***3. Til qurallarin qollanıw:***

a) tildin' ko'rkemlew quralları: epitetler, metaforalar, salıstırıwlar, ten'ewler, aytımlar, naqıl-

maqallar, ushırma ga'pler, qaytalawlar.

***4. Emotsionallıq-texnikalıq qurallardı qollanıw:***

a) ko'zleri so'yley me, olar jana ma, jaynap tura ma, saxnalıq ko'rinislerdi «ko'redi» me, da'stan qaharmanlarına qatnası anıqlana ma;

b) atqarıwshının' mimikası, onın' ha'reketleri;

v) baqsının' manerası, o'zin tutıwı, olardın' maqsetli xızmeti. emotsionallıq-ko'rkem jumısları.

***5. Qanday muzıkalıq ko'rkem-o'ner quralları qollanıladı:***

a) o'zine ta'n ritmlik birlikler - rechitativler, al'teratsiyalar, parallelizm, qaytalawlardı qollanıw;

b) namalar qalay atqarıladı - tekst penen, dawıs - qosıq penen sa'ykes pe?

v) namalar qaharmanlardın' sıpatlamasın, su'wretlenip atırg'an waqıyalardan ta'sirleniwdi tolıqtıra ma?

g) nama baqsılardın' atqarıwshılıq o'nerinde bir pu'tinlik bola ala ma?

**Da'standı o'zlestiriw.** *Mısalı, «Edige» da'stanında Soppaslı sıpıra jıraw obrazı.*

İnteraktiv metodlardı ha'm innovatsiyalıq pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw.

I. «Da'stan bilimdanları» konkursın o'tkeriw.

«Edige» da'stanı haqqında

1. Sorawlar – da'stan boyınsha (onın' belgili bir bo'limin ha'm tolıq) taxtada yamasa plakatta.

2. Oqıwshılardın' juwapları taxtada, qag'az betinde (jazba) yamasa awızsha tu'rinde (qa'lewi boyınsha).

3. «Edige» da'stanına arnalg'an «Kelte tolg'aw» namasın atqarıw. Sorawlar: Tekst ha'm namanın' o'z-ara baylanısı. Da'stannın' mazmunı, onın' syujetlik ta'repinin' ha'm namasının' sa'ykesligi.

4. Oqıwshılardın' juwapları.

5. Oqıtıwshı ta'repinen oqıwshılardın' bergen juwaplarına du'zetiw kirgiziliwi, olardı tolıqtırıwı.

6. Pikir almasıw.

**Eskertiw:** 1. Konkursta o'z joldaslarının' oy-pikirleri menen kelisken ha'm kelispegen halda barlıq oqıwshılar qatnasadı.

2. Barlıq oqıwshılardın’ belsene qatnasıwı.

II. BBB usılı (bilemen - bilgim keledi - bildim). Tapsırmanı biliw predmetinen soraw-juwap.

**Texnologiya:**

1. «Alpamıs» da’stanı teması boyınsha sorawlar (taxtada yamasa da’pterge jazıw).

2. Oqıwshılardın’ sorawlardı u’yreniwi.

**Eskertiw:** 1. Da’stan boyınsha materiallar beriledi. 2. Eger soraw tu’sinikli bolsa ha’m oqıwshılar og’an juwap qaytara alsa, ol «B» (Bilemen) dep jazadı. 3. Eger sorawg’a juwap bolmasa, biraq onı o’zlestiriwdi qa’lese, oqıwshılar «B» (bilgim keledi) dep jazadı. 4. Eger soraw berilgen material ja’rdeminde qarap shıg’ılg’an bolsa, oqıwshılar «B» (bildim) dep jazadı. 5. Tan’lang’an ha’ripler sanına qaray oqıwshılardın’ «Alpamıs» da’stanı haqqında o’zlestirgen bilim da’rejesi ko’rinedi ha’m oqıtıwshı ta’repinen tiyisli sheshimler qabıl etiledi.

**Bag’dar metodı.** Oqıwshılardın’ to’mendegi bag’darlar boyınsha da’stanlardı atqarıwshılar – baqsılardın’ saxnalıq aktyorlik sheberligi haqqında aytıp beriwi: ha’r qıylı saxnalıq ha’reketlerde baqsılardın’ shıg’ıwı; bir aktyor teatrı; qosımsha saxnalıq qurallardın’ – aksessuarlar, rekvizit, dekoratsiya, grimnin’ joqlıg’ı; aktyorlıq sheberlik penen da’stan qaharmanlarının’ janlı obrazların jaratıw; da’stanlarda jazılg’an waqıyalardı shınında ko’rgendey sıyaqlı jetkerip bere alıw, ha’m usıg’an tamashago’ylerdi isendire alıw uqıplılıg’ı, olarda da’stan qaharmanlarına degen jan ashırlıq sezimlerin oyatıw; a’dep-ikramlılıq – qaharmanlıq – patriotlıq tiykarda ayrıqsha aktsent penen estetikalıq-artistlik atqarıwshılıqtın’ joqarı da’rejesi.

Teren’ an’law, «Pikirlew»

**An’lawg’a sarplanatug’ın ku’sh:** «Baqsının’ so’zin ha’m namasın tın’law – u’lken ku’sh (bul qatardın’ ma’nisin tu’siniw). Xalıqtın’ baqsıg’a qarata bergen bul bahasın qalay tu’sinemiz?

«Bul baqsının’ naması jaqsı, al bul baqsının’ naması – u’zen’gi». Bul baqsının’ so’zi de jaqsı, naması da anıq». Bul aytımnın’ ma’nisi nede: «Baqsının’ so’zin ha’m namasın tın’law – u’lken ilim».

**Oy-pikirdi rawajlandırıw ha’m ga’p quraw:** «Da’stan do’retiw bul………… wazıypası» (eski da’wirdin’, xalıqtın’), «Qaraqalpaqlarda da’stanlar do’retiw ha’m atqarıw da’stu’ri …… payda boldı (a’yyemgi da’wirlerden), «Da’standı qayta jan’adan atqarg’anda, to’mendegiler ju’z beredi: ……» (bayıp baradı, tolısadı, o’zgerisler enedi), «Da’stanlardın’ do’retiwshisi, atqarıwshısı, saqlawshısı, tarqatıwshısı ……. bolıp esaplanadı (xalıq, baqsı ha’m jıraw), «Da’stanlar ta’g’diri

ko’plegen jag’dayda …… baylanıslı boldı (aytıwshının’ professional sheberlik da’rejesine), «Da’stannın’ qa’dirin biliwshi – …..» (xalıq).

**Shıg’arma jazıw.** Berdaq baqsının’ o’neri haqqında: «So’zi ha’m naması patshanı, xandı hayran qaldırdı…..» (kewli bosap ta’sirlendirdi), «Onın’ hawazı…..jaqsı» (bu’lbu’ldikinen de) «Qustın’….. toqtattı» (sayrag’anın).

Da’stanlar tekstinde, da’stanlar haqqında a’jayıp so’z ha’m danalıq pikirlerdi izlew.

***«İnter soraw-juwap metodı» -*** temanı o’zlestirgennen keyin ol boyınsha bir qatar sorawlar ha’m namalar menen da’stanlardı tın’law.

***Sorawlar:***

1. Da’stanlardı atqarıwshı qanday mekteplerdi bilesiz?

2. «Edige», «Alpamıs», «Qoblan» da’stanlarının’ qanday variantların bilesiz? Olarda qanday namalar atqarıladı?

3. «Qırıq qız», «Sha’riyar», «G’a’rip ashıq» da’stanlarının’ qanday variantların bilesiz? Olarda qanday namalar atqarıladı?

4. «Sayatxan-Hamra», «Hu’rliha-Hamra», «Go’rug’lı» da’stanlarının’ qanday variantların bilesiz? Olarda qanday namalar atqarıladı?

5. Syujetlik namanın’ izbe-izligi sa’ykes kele me? (1-2 da’stan mısalında).

6. Ne ushın baqsı ha’m jıraw professional atqarıwshılar dep ataladı?

7. Bizler ne ushın milliy muzıkamızdı su’yemiz?

Oqıwshılardın’ 1-sorawg’a juwabı: qaraqalpaq baqsı-jırawlarının’ to’rt mektebi bar – Aqımbet-Muwsa mektebi, Su’yew mektebi, Arzı mektebi ha’m Orınbay mektebi, sonday-aq, Qorqıt jıraw, Soppaslı Sıpıra jıraw, Jiyen jıraw mektepleri de bar.

2-3-4-sorawlarg’a oqıwshılar to’mendegishe juwap beredi: da’stanlarda 65, 110 yamasa 170 nama atqarılıp, ha’r bir nama on-on bes ma’rte qaytalanadı, bunda en’ ken’ tarqalg’an namalarg’a to’mendegiler kiredi: «Jortıwlı», «Tolqın», «Sherbeyit», «Kelte nalısh», «Sayqalı», «Ilg’al», «Ayg’a shap», «Sen yar qal endi», «Muwsa sen yarı», «Mın’ tu’men», «La’y-la’y», «Alaqayıs», «Sıy perde», «Temir don’lı», «Zar etpe», «Sharqı shuwar», h.t.b.

«Aqılıy hu’jim», «breynshtorming» metodı.

***Maqseti:*** oqıwshılardın’ da’stanlar boyınsha alg’an bilimlerin jedellestiriw: do’retiwshilik jedelligin ha’m o’nimdarlıg’ın turaqlastırıw.

**Texnologiya:**

I. Tema boyınsha oqıwshılarg'a sorawlar beriw.

II. Olarg'a tez juwap qaytarıw (talqılawsız qa'legen juwap qabıl etiledi).

III. Oqıwshılardın' en' jaqsı juwapların maqullag'an halda olardın' juwapların individual analizlew.

IV. Oqıtıwshının' juwmag'ı menen en' jaqsı juwaplardı ja'ma'a'tlik talqılaw.

V. Juwmaq shıg'arıw.

Sorawlar (juwapları menen).

1. Qaraqalpaq da'stanlarınan keminde besewin aytıp berin'. («Edige», «Alpamıs», «Qoblan», «G'a'rip ashıq», «Go'rug'lı»).

2. Baqsı ha'm jırawlar kimler? (liroepikalıq muzıkalıq da'stu'rlerdi do'retiwshi, alıp ju'riwshi, saqlawshı).

3. Qaraqalpaq xalqının' ullı baqsısı – qaraqalpaq baqsı mektebinin' tiykarın salıwshısın aytın' (Su'yew baqsı).

4. Atqarıw o'nerinin' ullı sheberlerinen keminde besewinin' atların aytıp berin' (Qorqıt ata, Soppaslı Sıpıra jıraw, Jiyen jıraw, Aqımbet, Muwsa, Su'yew, Nurabılla, Japaq, An'satbay).

5. Eger da'stan – ko'rkem so'z o'neri bolsa, onda onın' atqarıwshısı kim boladı? (bul o'ner da'stu'rlerin saqlawshı, onın' do'retiwshisi ha'm usı ullı o'nerdin' dawamshısı).

6. Baqsıg'a a'wladtan-a'wladqa o'tkende neler ruxsat etiledi? (da'stanlarg'a o'z namaların jazıw, onın' syujetlerine, sonday-aq, su'wretlew usıllarına erkin qatnas jasaw; olardı jeke o'z aranjirovkasında atqarıw; eski shıg'armalardı bayıtıp barıw; bul xalıq do'retpesine o'zinin' jeke u'lesin qosıw).

7. «Qaraqalpaqlar en' birinshi qosıqshılar, sahra bu'lbu'lleri» degen qatarlar kimge tiyisli? (Sh. Ualixanov).

8. Belgili Qaraqalpaq baqsısı, O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıq artistinin' atın aytın'. (Japaq Shamuratov).

9. Da'stanlardı atqarıw o'nerindegi en' qunlı na'rse? (so'z ha'm namanın' birligi).

10. Da'stanlarda ne ushın namalar atqarıladı? (da'stanlardag'ı obrazlar ha'm waqıyalardan ku'shli ta'sirleniw, olardın' ayqın su'wretleniwi ushın).

11. Qaraqalpaq xalqının' muzıkalıq saz-a'sbapların aytıp berin' (sırnay, qobız, duwtar,

shınqobız, shındawıl, girjek, karnay, shıng'a, balaman, qon'ıraw, shıldıraq).

12. Qaysı da'stanlarg'a opera ha'm baletler jazılg'an ha'm olardı qaysı kompozitorlar jazg'an? (bunday kompozitorlar J.Shamuratov, A.Xalimov, N.Muhameddinov,

A. Sultanov, Q. Zaretdinovlar – «Alpamıs», «Qırıq qız», «G'a'rip ashıq», «Berdaq», «A'jiniyaz», «Bozataw», «Tumaris», «Sha'riyar», «Ayjamal»).

Da'stanlar boyınsha qızıqtırıw-u'yretiw viktorina metodı.

Sorawlar (juwapları menen).

1. «Alpamıs» da'stanında qanday haywan adam dawısı menen so'yleydi? (Bayshubar atı).

2. Qaysı da'standa bizler totı quslardın' a'jayıp qıshqırıwın esitemiz? («Hu'rliha-Hamra»).

3. Qaysı da'standa terekler qaharmanlardı quyashtan saqlaw ushın olardın' izinen ju'redi? («Taxir ha'm Zuxra»).

4. Qaysı da'standa bas qaharmandı sho'listannan tabadı? («Edige» da'stanındag'ı Edige).

5. Qaysı da'standa qaysı qaharman janlandırıwshı ishimlik ishedi ha'm ullı baqsıg'a aylanadı? («Ashıq Na'jep» da'stanındag'ı Na'jep).

6. Qaysı da'standa Ayparsha Babaxannın' a'skerlerinin' dıqqatın o'zine tartıp Ma'spatshanı jasıradı? («Ma'spatsha»).

7. Da'stanlardı a'psanawiy atqarıwshı Qorqıt ata haqqında qanday a'jayıp a'psana saqlanıp qalıng'an? (Qorqıt ata (a'psanada) u'sh ju'z jıldan aslam jasag'an (VII a'sirde). Qobız sesti menen o'limdi quwg'an. Gilemdi suwg'a to'segen ha'm o'zinin' sıyqırlı saz a'sbabı qobızda oynag'an. Bir ku'ni uyqılag'an waqıtta og'an o'lim perishtesi kelgen).

8. Qaysı da'standa Nawrız bayramı jazıladı: karnay-sırnaydın' sın'g'ırlısı, mallardın' soyılıwı, qosıq aytılıwı, ayaq oyınlar, altın qabaqqa atıw, milliy oyınlardın' qoyılıwı – tan'g'a shekem oyın-ku'lkiler? («Nawrız» da'stanında).

«Qızıq! – bolg'an waqıya» metodı. Oqıwshılardın' da'stanlarg'a bolg'an qızıg'ıwshılıg'ın turaqlı qollap-quwatlaw maqsetinde qollanıladı (sabaqlarg'a minutlı qosımsha tu'rinde).

***Da'stanlar haqqında qızıqlı faktler:***

1. Uzaq o'tmishte baqsılardı «sahra bu'lbu'lleri» dep atag'an.

2. Ayırım da'stan jırlawshılar olarda aytpag'an waqıyalarg'a gu'wa bolg'an: Soppaslı Sıpıra jıraw «Edige» da'stanında; Qazı Ma'wlik «G'a'rip ashıq» da'stanında; Na'jep «Ashıq Na'jep»

da’stanında; Da’wletiyarbek «Da’wletiyarbek» da’stanında.

3. Ullı baqsılar da’stanlardı tu’sinde oylap tapqan yamasa tolıqtırıp barg’an.

4. Qaraqalpaq da’stanlarında qobızdın’ jaqlawshısı baqsı Qorqıt ata bolg’an.

5. Qaraqalpaq da’stanları sanı ja’mi 300 den aslam.

6. Da’stanlarg’a 10 mın’nan aslam namalar jazılg’an.

7. Bir da’standa 65, 110 ha’tteki 170 nama aytıladı.

8. Baqsı ha’m jıraw atqarıwshılıqta da’stan mazmunına baylanıslılıg’ın ko’rsetken. Mısalı, Qarajan baqsı oyıng’a tu’sken, Qurbanbay jıraw qaharmanlardın’ obrazın mimika arqalı jetkerip bergen.

9. Belgili xudojnik Vladimir Karakalpakov baqsı ha’m jırawlar haqqında o’z ta’sirlerin su’wretlegen.

10. Belgili A’jiniyaz shayır o’z qosıqlarında baqsı ha’m jırawlar haqqında jırlag’an.

11. 20-30-jılları alım N.A. Baskakov, xudojnik İvanov ha’m su’wretshi Ardashir Dawlet penen birge atqarıw sheberliklerin u’yrengen. (Olardın’ materialları boyınsha 1994-jılı kitap shıqqan).

12. Qaraqalpaq xalıq do’retiwshiligine arnalg’an on tomlıq kitap baspadan shıqqan.

13. Da’stanlar jiyi-jiyi ayırım atqarıwshılardın’ repertuarlarına kirgizilmekte ha’m saxnalarda qoyılmaqta.

14. Baqsı ha’m jırawlardın’ a’jayıp namalarına degen qızıg’ıwshılıq artpaqta. Mısalı, kompozitorlar A.Xayratdinovtin’, M.Jiyemuratovtın’, N.Muhammeddinovtın’.

**Metodlar:**

- isendiriw – ishki ug’ınıwdı payda etiw, sanalılıqtı, jedellikti, tu’siniwshilikti arttırıw maqsetinde oqıwshılardın’ ruwxıyatına ta’sir etiw;
- ta’sir ko’rsetiw – oqıwshılarg’a ta’sir etiwshi impul’siv informatsiya;
- motivatsiya – jedellikti keltirip shıg’arıwshı oqıwshılardın’ tilegi.
- jeke pikir – oqıwshılar ta’repinen o’zi ushın xalıq awızeki do’retpesi – da’stanlardı u’yreniw a’hmiyetin ha’m mazmunın tu’sinip jetiwi, bunda sotsiallıq jeke perspektivalardı «ko’riw» - mektep oqıwshıların ta’rbiyalawda a’hmiyetli faktor;
- salamat pikir – xalıq awızeki do’retpelerin u’yreniw barısında o’zlestiriletug’ın a’hmiyetli, za’ru’r jeke sıpatlardı ja’mlew (estetikalıq, a’dep-ikramlıq);

- ornatıw (ustanovka) – maqsetke bag’darlang’an, jeke pikirli iskerlikke, oqıw ha’reketine tayarlıq, beyimlesiw (so’ylew ta’siri, ko’rsetpeler, ha’m t.b ta’sirinde);
- tamamlanbag’an ha’reket na’tiyjesi – u’ziliske tu’sken gu’rrin’, wazıypa motivatsiyalıq dıqqat awdarıw jag’dayında ornatıw;
- tu’siniksiz so’zler, terminler, qatar ha’m tu’siniklerge sholıw jasaw: go’zzallıq, a’jayıp, shıraylı; patriot, patriotizm ha’m t.b; an’ız, da’stan, baqsı, jıraw, ha’m t.b;
- oqıw – da’stang’a, onın’ u’zindilerine kirisiw, estetikalıq ha’m patriotlıq mazmundı ko’rsetiw; patriotlıq ideyalar menen, obrazlardı ta’riplew estetikası menen ajıralıp turıwshı da’stan, onın’ ayırım bo’limlerine kirisiwdi u’yreniw;
- oqıwshılardın’ ko’z aldına keltiriw: da’stan mazmunın, onın’ ayırım bo’limlerinin’ mazmunın; obrazlardı, waqıyalardı, jag’daylardı (berilgen yamasa o’z qa’lewi boyınsha);
- da’stan (onın’ sag’ası, teksttin’, namanın’ kelip shıg’ıw sag’ası), onın’ ko’rkem estetikalıq o’zgeshelikleri ha’m patriotlıq motivleri haqqında (emotsionallıq, oqıwshılarda hayran qalıwshılıq sezimlerin oyatıw maqsetinde) aytıp beriw;
- da’standı aytıp beriw;
- baqsı ha’m jırawlardın’ atqarıwında milliy namalardı tın’law;
- qabıllaw – usınılg’an joba boyınsha da’standı;
- oraylastırıw – oqıwshılardın’ dıqqatın da’stannın’ belgili bir ta’repine, bo’limine ha’m elementlerine aktsentuatsiyalaw (dıqqattı oraylastırıw usılı);
- tu’sindiriw - da’stannın’ ideyalıq mazmunın, tekst ha’m namanın’ o’z-ara baylanısın;
- da’stan temanın’, onın’ syujetin talqılaw;
- da’stannın’ ideyalıq ma’nisin anıqlaw;
- da’stannın’ kompozitsiyalıq o’zgesheligin ko’rsetiw (tekstti);
- da’stannın’ bas qahramanları ha’reketi menen onın’ syujetlik liniyasın tiklew;
- da’stan tekstinde qaharmanlıq patriotlıq sezimin sıpatlawshı qatarlardı izlew;
- da’stannın’ bas personajının’ obrazına kiriw;
- da’stannın’ unamlı obrazlarına sıpatlama, oqıwshılar ta’repinen, olar ushın a’hmiyetli bolg’an joqarı a’dep-ikramlılıq sıpatlardın’ ko’rsetiliwi;
- bas qaharmandı ta’riyplew (awızsha, jazba, ko’rkem su’wretlew);
- da’stannın’ tekstine jaqın ekinshi da’rejeli obrazlardı ko’rsetiw, olardın’ a’dep-ikramlıq,

estetikalıq sıpatın talıqlaw (Oqıtıwshının' basshılıg'ınde yamasa o'z betinshe);

- qayg'ırıw – oqıwshılardın' da'stan qaharmanlarının' jag'dayına sanalı tu'rde, tikkeley eliklewi;
- qıyal etiw – da'stan qaharmanının' obrazın, onın' ulıwma ta'riypine sa'ykes ha'reket bag'darlamasın jaratıw;
- da'standa bas qaharmang'a baylanıslı qaharmanlardı aldın ala biliw;
- waqıtlar ha'reketin talqılaw;
- da'stanlar syujeti, kompozitsiyası, mazmunı, xarakteristikası;
- da'stan tekstinde ana ta'biyat, tuwılg'an u'lke, bas qaharmannın' olarg'a degen patriotlıq sezimlerin, bas qaharmannın' o'z u'yi, o'z jeri, o'z u'lkesine, xalqına bolg'an qatnasıg'ı ta'riyplerin, naqıl-maqallardı izlew;
- da'stanlardın' unamlı, qaharmanlarına eliklep, diskussiya o'tkeriw;
- emotsional – a'dep-ikramlılıq ha'm emotsional-estetikalıq qayg'ırıw jag'dayların jaratıw; («Ayg'a shap» ha'm t.b.)
- ra'n' - ba'ren' ha'm ayqın betleri menen ajıralıp turıwshı – «Mın' tu'men», «La'y-la'y», «Qara jorg'a», da'stanların qızıqlı syujetler menen paydalanıw;
- oqıwshılarg'a dilwarlıq sorawların beriw;
- egotsentrikalıq so'ylew tili – oqıwshılardın' o'z-o'zine da'stan wazıypalarının` qatnasıwshısı sıpatında qaratılg'an so'ylew tili; - Da'standag'ı qandayda bir obrazg'a, waqıyag'a dıqqattı ja'mlew, olardı talqılaw (itibarg`a alıng`an reaktsiyada, motivatsiyada, bag'darlang'anlıq ha'm qadag'alawda);
- wazıypa – belgili bir maqsette berilgen waziypa (pikirlerdi jedellestiriw, ulıwma ha'm estetikalıq-do'retiwshilik, uqıplılıq);
- pikirlew: teoriyalıq, so'zlik-logikalıq, ko'rgizbeli-obrazlı a'meliy, do'retiwshilik;
- mashqalalı jag'day – sheshiliwi teoriyalıq ha'm a'meliy bilimlerdi tolıq ko'rsetetug'ın ha'm jan'a bilimlerge mu'ta'jlikke alıp keliwshi (berilgen sorawg'a juwap izlew) waziypalar qoyıw jeke toparlı ja'ma'a't bolıp, sonın' menen birge dialog tu'rinde (sotsiallıq o'z-ara islesiwde), onın' pikirlew tiykarında sheshiledi;
- deduktsiya – ulıwma ha'm jeke bilimlerdi o'zlestiriw (aqılıy sheshim, juwmaq);
- salıstırıw – da'stanlardı qanday da belgileri boyınsha salıstırıw (obrazlardı, waqıyalardı,

olardın’ ko’rinisin);

- ten’ew – bir tematikalıq, jaqın syujetli da’stanlardı;
- analiz – teren’ tu’siniw ha’m jedel pikirlew ushın da’stanlardı bo’limler betine qarap shıg’ıw;
- ulıwmalastırıw – jan’a materiallardı ulıwmalastırıw (onın’ tiykarg’ı pozitsiyası boyınsha), oqıwshılardın’ oqıw iskerligi na’tiyjelerin sonın’ ishinde do’retiwshilik ha’m u`git-na`siyatlıq iskerligin ulıwmalastırıw;
- juwmaq – sabaq teması boyınsha, oqıwshılardın’ da’stanlardı u’yreniw protsesine, qatnasına juwmaq jasaw;
- aqılıy juwmaq – juwmaqlar tiykarında talqılaw;
- dialog - oqıtıwshı-oqıwshı, oqıwshı-oqıtıwshı so’ylesiw, sonın’ menen birge, «oqıtıwshı-oqıwshı» qatnası sistemasında u’ndewler, qaratpa so’zler, qarsı so’zler, diskussiyalar tu’rindegi dialog;
- ishten so’ylew – oqıwshılardın’ «o’zi haqqında» so’ylew (ma’seleler sheshiw, o’z pikir ha’m talqılawı) ;
- oqıtıwshının’ basshılıg’ında (oqıwshılar) sheshim qabıllaw;
- breynstorming – oqıwshılardın’ usınılg’an temag’a qa’legen pikirin ten’ bildiriw, analizlew (oqıtıwshı menen birge klass boyınsha) ;
- intellektual islew – da’stan janırların, motivlerin, ideyalıq mazmunın anıqlaw;
- modellestiriw – pedogogikalıq xarakterdi, oqıwshılardın’ iskerligin, da’stanlardın’ unamlı qaharmanlarının’ jawıngerlik ma’rtligin;
- algoritmizatsiya – oqıwshılar durıs ha’reket etiwi, waziypalardı sheshiwi, da’stanlardı qabıllaw ushın ko’rsetpe, ta’rtip, bag’dar;

yadta saqlaw – oqıwshılardın’ da’stanlar tekstin, olardın’ ayırım bo’limlerin, informatsiyalıq – u’yrenetug’ın materialdı (erkin, eriksiz) yadlaw. Erkin yadta saqlaw: joba du’ziw, ma’nili bekinis punktlerin ajıratıw, materialdı toplaw, ko’rgizbeli obraz tu’rinde onı sxema tu’rinde ko’rsetiw (jan’a bilimlerdi o’zlestiriwdin’ iskerliligi tu’sinikliligi, ta’miyinlenedi);

- sorawlar boyınsha temalardı onın’ a’hmiyetli jag’dayları tiykarında qaytalaw;
- shınıg’ıw – qaytalaw: oqıwdı, aytıp beriwde, da’stanlardı ko’z aldına keltiriw;
- oqıwshılardın’ da’stanlardı u’yreniw viktorinası;

- da’stanlar haqqında qızıqlı bilim beretug’ın informatsiyalardı, pikirlerdi sheshiw ha’m jıynaw;
- o’zin isendiriw – ta’rbiyalaw – ta’rtipke salıw – qadag’alaw – aktualizatsiya – o’zin an’law – sana – sezim – bahalaw;
- sotsializatsiya – oqıwshılar da’stanlar teması boyınsha oqıtıwshılardın’ do’retiwshilik, sotsiallıq iskerlik qatnasında sotsiallıq ta’jiriybe alıw.

## OQIWShILARDIN’ KLASSTAN TIS JUMISLARDA TA’RBİYaLAWDA QARAQALPAQ XALQININ’ ATQARIWShILIQ O’NERİNEN PAYDALANIW BOYINShA METODİKALIQ KO’RSETPELER

Bizin’ elimizdin’ ma’mleketlik bilimlendiriw siyasatının’ en’ a’hmiyetli waziypalarının’ biri oqıwshılardı (bilim alıwshılardı) milliy-ma’deniy miyrasqa tartıw bolıp esaplanadı, sebebi o`sip kiyatırg’an jas a’wladlardın’ ruwxıy baylıg’ı ja’miyetti, ma’mleketti bekkemlew ha’m rawajlandırıwdın’ a’hmiyetli faktorı bolıp tabıladı. Bul waziypanı unamlı sheshiw ushın ma’deniyat sag’asın biliw, milliy-ma’deniy miyrastın’ barlıq jaqsı na’rselerdi tu’sindiriw za’ru’r. Oqıwshılardı ta’rbiyalawda milliy qayta tikleniw ideyalogiyasına ha’m ulıwma insaniylıq qa’driyatlardı biliwge tiykarlang’an jan’a mazmung’a ayrıqsha dıqqat awdarıw za’ru’r. Ta’rbiyanın’ jan’a mazmunında awızeki xalıq do’retpeleri, a’sirese jan’a texnologiyalarg’a, innovatsiyalıq metodına tiykarlang’an belgili bir sistemada beriletug’ın, sonın’ ishinde oqıwshılar menen klasstan tıs waqıtlardag’ı sabaqlıqlarda a’dep-ikramlıq ha’m estetikalıq potentsialg’a iye da’stanlar ayrıqsha orındı iyelewi kerek.

Oqıwshılardı a’dep-ikramlılıq - Watang’a degen su’yispenshilik ha’m estetikalıq jaqtan ta’rbiyalawda da’stanlardı, olardı atqarıwshıları – baqsı ha’m jırawlardı u’yreniwdin’ pedagogikalıq negizlerin ashıp beriw ha’m paydalanıw za’ru’r.

***Qaraqalpaq da’stanları u’lken a’dep-ikramlılıq, ideyalıq - Watandı su’yiwshilik ha’m ko’rkem-estetikalıq potentsialg’a iye. A’dep-ikramlılıq ha’m estetikalıq ta’rbiyanı to’mendegidey pedagogikalıq negizlerde a’melge asırıw kerek.***

- kontsentuallıq – metodologiya – pedagogikalıq;
- oqıwshılar jasına qarap adaptatsiyalang’an da’stanlardı tariyxıy-teoriyalıq, teoriyalıq-a’meliy materiallar ha’m onın’ ta’rbiyallıq potentsialı;
- a’dep-ikramlılıq ha’m estetikalıq ta’rbiyanın’ mazmunı;

qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’nerin, birinshi na’wbette, da’stanlardı u’yreniw boyınsha klasstan tıs bag’darlamalardın’ variantların jaratıw, tekseriw, qa’telerin du’zetiw ha’m qollanıw, onı xalıq-ko’rkem janrın u’yreniw boyınsha klass jumısı menen tıg’ız baylanısta u`yreniw;

- oqıwshılardın’ ta’rbiyasına ta’sir etiwshi materiallardın kriteriyaları;
- printsipler, sha’rtler, texnologiyalar (ulıwma onın’ - predmeti);
- oqıwshılar ushın berilgen qaraqalpaq ha’m basqa da xalıqalarlıq xalıq ko’rkem-o’nerine

qızıg'ıwshılıg'ın oyatıwda olarg'a talapshanlıq – bag'darlang'an tu'rde qaraw;

- ishki strukturalıq komponentlerge iye pedagogikalıq sisteması;
- metodika, sonın' menen birge oqıtıwdın' innovatsiyalıq texnologiyaların qollanıw;
- oqıwshılardın' iskerlik-a'meliy bag'ıtları (tu'siniwshilik, intellektuallıq – do'retiwshilik, ko'rkem do'retiwshilik, o'zinshe bilip alıw, sotsial bag'darlang'an iskerlik).

Da'stanlar ulıwma insanıylıq da'rejede ruwxıy-ag'artıwshılıq qural sıpatında, oqıwshılardın' milliy sana-sezimin qa'liplestiriwdin' bay deregi sıpatında u'yreniledi.

Da'stanlardın' mu'mkinshiliklerinen ken' paydalanıw; da'stanlardın' milliy mazmunın, milliy ruwhın, olardın' a'dep-ikramlılıq, qaharmanlıq - Watandı su'yiwshilik ha'm estetikalıq, ko'rkem-estetikalıq potentsialın paydalanıw; da'stanlardın' tarıyxın, teoriyasın ha'm tiykarların, sonın' menen birge a'psanawıy ha'm ullı baqsı - jırawlardın' atqarıwshılıg'ın ha'm atqarıwshılıq maqsetlerin, ustazlıq - sha'kirtlik, atqarıwshılıg'ı ha'm sheberligin, olardın' repertuarların u'yreniw; milliy ha'm ulıwma insanıylıq baylıq sıpatında da'stanlardın' qaraqalpaq da'stu'rlerinde, ha'zirgi ma'deniyattag'ı ro'lin u'yrenip shıg'ıw.

***Oqıwshılardı a'dep-ikramlılıq ha'm estetikalıq ta'rbiyalaw dıqqat orayında bolg'anlıqtan, olardın' mazmunın da yadtan shıg'armaw kerek:***

A'dep-ikramlılıq ta'rbiya – ulıwma ta'rbiyanın' bir bo'limi: normalar printsipler, pikirler, tu'sinikler, bahalawlar tu'rinde a'dep-ikramlılıq talapların islep shıg'ıw, olardı ta'rbiyalanıwshılardın' sanasına sin'diriw, yag'nıy sotsiallıq a'meliyatta za'ru'r ha'm ko'rinerli, sonday-aq jetilisetug'ın adamlardın' turaqlı morallıq sıpatların, sa'ykes isenimlerin, talapların anıqlastırıw. Oqıwshılardı ta'rbiyalawda qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'nerinen paydalanıw ilajları boyınsha oqıwshılardın' patriotlıq (Watang'a su'yispenshilik, o'z xalqına su'yispenshilik, milliy baylıqlar, ma'deniy-tariyxıy miraslar menen maqtanıw) usag'an a'dep-ikramlılıq sezimleri dıqqat orayında boladı, bul qaraqalpaq xalqının' joqarı a'dep-ikramlı atqarıwshılıq o'neri mazmunında na'tiyjeli iske asadı; estetikalıq – ta'rbiya ulıwma ta'rbiyanın' bir bo'limi: shınlıqqa belgili bir estetikalıq qatnastı qa'liplestiriw – qunlı – estetikalıq bag'darlardı islep shıg'ıw, estetikalıq qabıllawg'a, qayg'ırıwg'a uqıplılıq, estetikalıq ko'z-qarastı, idealdı qa'liplestiriw, do'retiwshiliktin' go'zallıq nızamları boyınsha estetikalıq qunlılıqlardı do'retiwge uqıplılıg'ı (ko'rkem-o'nerde, miynette, xalıqqa xızmet ko'rsetiwde, qılmıslarda ha'm minez-qulıqta), a'dep ikramlılıq ta'rbiyası menen o'z-ara baylanıslı. Estetikalıq ta'rbiyanın' en' a'hmiyetli faktorı –

turmıstın' estetikalıq qunlıqları anıq berilgen ko'rkem-o'ner, a'sirese xalıq ko'rkem-o'neri arqalı adamlarg'a ta'sir ko'rsetiw bolıp esaplanadı. Solay etip qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'neri ha'r ta'repleme rawajlang'an, tolıq qa'liplesken haqıyqıy insaniylıq baylıqlar ruwhında jeke insandı qa'liplestiriwge qaratılg'an. Qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'nerinin' en' jaqsı u'lgileri – «Edige», «Alpamıs», «Fa'rip ashıq», «Ashıq Na'jep» ha'm t.b. paydalanıladı. Bunda baslı dıqqat atqarıwshılardın' atqarıwshılıq o'nerine emotsionallıq – estetikalıq qatnasına; ideyalıq – so'zlik mazmunın, estetikalıq o'zgesheliklerdi ko'rkem usıllarda da qabıllaw; oqıwshılardın' do'retiwshilik iskerligi – intellektuallıq – do'retiwshilik, ko'rkem estetikalıq sonın' ishinde atqarıwshılıq; estetikalıq ta'rbiyanın' a'dep-ikramlılıq ta'rbiyası menen o'z-ara baylanıslı.

Klasstan tıs jumıslarda ta'rbiyalıq maqsette qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'nerinen paydalanıw qaraqalpaq da'stanların u'yreniw boyınsha do'gerek jumıslarda maqsetke muwapıq boladı. Solay etip, ulıwma bilim beriw mektepleri ushın «Da'stanlar bilimdanı» do'gereginin' bag'darlamasına to'mendegi temalar kirgiziledi: «Qaraqalpaq da'stanları milliy ha'm ulıwma insanıylıq baylıq sıpatında», «Qaraqalpaq da'stanlarının' tariyxıy-teoriyalıq tiykarları», «Qaraqalpaq da'stanlarının' a'psanawiy ha'm ullı jırawları – atqarıwshıları», «Japaq Shamuratov – ha'zirgi zaman baqsısı», «Qaraqalpaq da'stan atqarıwshılarının' – baqsı ha'm jırawlardın' nama a'sbapları», «Baqsı ha'm jırawlardın' qaraqalpaq da'stanların a'jayıp atqarıwshılıg'ı», «Qaraqalpaq da'stanlarında patriotlıq motivler», «Da'stanlar, olardın' atqarıwshılıg'ı», «Baqsılar do'retiwshiligi», «Baqsı ha'm jırawlardın' da'stanlardı o'zlestiriwi, olardın' atqarıwshılıg'ı (o'zlestiriw tiykarları, a'meliyat)», «Ha'zirgi qaraqalpaq ha'm ja'ha'n ma'deniyatında qaraqalpaq baqsı da'stanları», «Ha'zirgi zaman baqsılarının' do'retiwshiligi», «Jas da'stan bilimdanlarının' miynetleri» (shıg'armalar, bayanatlar, referatlar ha'm t.b.), «Da'stanlardı atqarıw sabaqları», «Atqarıw shınıg'ıwları», «Jas baqsılardın' ko'rgizbe jumısları ha'm atqarıp shıg'ıwları».

Ta'rbiya kriteriyalarında (patriotlıq ha'm a'dep-ikramlılıq) en' tiykarg'ıları to'mendegiler: mektep oqıwshılarının' atqarıwshılıq o'nerine emotsionallıq-unamlı qatnası; olar haqqında biliw (tariyxıy, teoriyalıq, qabıllaw, analizlew boyınsha, sonın' ishinde ideyalıq-patriotlıq oy-pikiri, obrazlar jaratıwda ko'rkem-estetikalıq usıllar ha'm o'zgeshelikler); ha'r tu'rli jobalı iskerlik – u'yreniletug'ın, intellektuallıq (o'z-o'zin aktuallastırıw ha'm sotsializatsiya boyınsha).

Mektep oqıwshıların ko'rkem-estetikalıq jaqtan ta'rbiyalawda qaraqalpaq xalıq atqarıwshılıq o'nerinen da'stanlardan paydalanıw printsipleri ha'm sha'rtleri.

**Printsipler:**

- Oqıwshılardın' jas ha'm jeke o'zgesheliklerin esapqa alıw, jeke bag'darlang'an pedagogika kursı;
- Mektep oqıwshıların ta'rbiyalawda patriotlıq ha'm estetikalıq ta'rbiyanın' u'stemligi, demokratiyalıq, gumanistlik. Gumanitarlıq, belsene-u'yreniwshilik, intellektuallıq-do'retiwshilik, ko'rkem-do'retiwshilik ha'm atqarıwshılıq, ag'artıwshılıq, o'z betinshe bilim alıw, sotsiallıq-kommunikativlik bag'darlang'anlıq;
- Oqıw sabaqların jetilistiriwge sa'ykes ta'rbiyalaw mashqalaların sheshiwge innovatsiyalıq jantasıw printsipleri, mektep oqıwshıların zaman talabına say ta'rbiyalawg'a muwapıq da'stanlardı u'yreniw boyınsha klasstan tıs sabaqlar bag'darlamasın islep shıg'ıw;
- ta'rbiyalıq faktorlar sıpatında da'stanlarda milliy ha'm ulıwma insanıylıq didaktikalıq funktsiya;
- mashqalanı sheshiwde sistemalı izbe-izlik, logikalıq-pedagogikalıq jantasıwdın' didaktikalıq printsipleri.

**Sha'rtler:**

- Oqıwshılardı da'stanlardı u'yreniwde emotsionallıq-motivatsiyalıq bag'darlaw;
- epikalıq shıg'armalar oqıw-ta'rbiyalıq wazıypalarg'a – oqıwshılardı rawajlandırıwg'a ha'm ta'rbiyalawg'a, balalardın' da'stanlarg'a bolg'an qızıg'ıwshılıg'ın, qa'lewin rawajlandırıwda olardı jıynaw;
- oqıwshılardın' shaxsına dıqqat qaratıw (ha'r ta'repleme jag'daylar jaratıw ushın, a'sirese shaxsqa patriotlıq ha'm estetikalıq ta'sir ko'rsetiw);
- oqıwshılardı da'stanlar haqqında belgili bir u'yreniw mag'lıwmatları menen bayıtıw, olardın' ko'rkem ko'z qarasın ken'eytiw;
- oqıwshılar shaxsın tek intellektuallıq emes, al do'retiwshilik sferasın jetilistiriw;
- da'stanlardın' ko'rkem-estetikalıq usıllarda ha'm o'zgesheliklerinde, olardı atqarıw estetikasında, milliylikke bay da'stanlardın' teren' patriotlıq mazmunında a'jayıp patriotlıq sezimlerdin' qa'liplesiwi;
- Qaraqalpaq xalqının' atqarıwshılıq o'nerinde mektep oqıwshıların ta'rbiyalaw protsesinde keri baylanıs sha'rtlerin ta'miyinlew.

***To'mendegilerdin' ja'rdeminde atqarıwshılıq o'nerine qızıg'ıwshılıqtı arttırıw boyınsha***

***oqıwshılarg'a umtılıwshılıq-bag'darlang'anlıq za'ru'r:***

- qaraqalpaq da'stanların qaraqalpaq xalqının' milliy ruwxıy ag'artıwshılıq, ma'deniy ha'm ko'rkem-estetikalıq miyrası sıpatında u'yreniw;
- oqıw-u'yreniw iskerligi, jeke rawajlanıw ushın da'stanlar haqqında bilimlerdin' a'hmiyetin oqıwshılarg'a ashıq-aydın aytıw; bul motivatsiyanı turaqlı qollap-quwatlaw;
- da'stanlardın' kelip shıg'ıwı, olardın' tariyxı haqqında qızıqlı mag'lıwmatlar keltiriw, olardın' a'dep-ikramlılıq-patriotlıq ha'm ko'rkem-estetikalıq mazmunın ko'rsetiw («Qoblan», «Qırıq qız», «Edige», «Alpamıs», «Sha'r'yar», «Er shora», «Ma'spatsha», «G'a'rip ashıq», «Ashıq Na'jep» ha'm t.b.);
- Watannın' unamlı obrazlarının' sıpatlaması (oqıwshılardı tu'rli qayg'ılanıwg'a ha'm emotsiyalarg'a, birinshi na'wbette a'dep-ikramlılıq ha'm estetikalıq sezimlerge duwshar etiwshi, ana jer ta'biyatı, sonın' ishinde usı obrazlardı jaratıwdag'ı ko'rkem-estetikalıq usılların u'yreniw ha'm analizlew tiykarında);
- da'stanlarda qaraqalpaq xalqının' tiykarg'ı ha'm a'hmiyetli tariyxıy waqıyalarına dıqqat awdarıwg'a erisiw;
- jas tın'lawshılardı tartıwg'a mu'mkinshilik tuwdırıwshı so'zlik ha'm namalı materiallar birligi;
- gu'rrin'de ha'm namada usıllar, qaytalawlar ha'm ritmlerdin', tekst ha'm namanın' baylanısın ko'rsetiw jas tın'lawshılarg'a u'lken emotsionallıq ta'sir ko'rsetedi;
- da'stanlardag'ı su'yikli qaharmanlarg'a (Gu'layım, Qoblan, Alpamıs, Edige, Sha'r'yar, G'a'rip, Sa'nem, Sayatxan, Ha'mre, Ayparsha, Yusip, Na'jep) – o'z xalqının' en' jaqsı sıpatların ha'm belgilerin dosqa, shan'arag'ına, Watanına sadıqlıq, o'z xalqına baxıt tilew) taratıwshılarg'a u'lken dıqqat qaratıw;
- qaharmanlıq, patriotizm ha'm shıraylı insanıylıq qatnaslar temasın tek da'stan tekstlerinde emes, al ayqın, tu'sinikli namaları menen (mısalı, Gu'lparshın Sırımbetovanın' atqarıwında «Ullı ziban» namasına «Alpamıs» da'stanınan «At bolıptı Miyanko'ldin' tayları» qosıg'ı; Sa'nemnin' atqarıwında «G'a'rip ashıq» da'stanınan «Xoja bag'man» namasına qosıg'ı) jas tın'lawshılardı tolqınlandırıw;
- da'stanlardag'ı qarama-qarsı personajlardı ayırıp biliw (sotsiallıq kelip shıg'ıwı, minez-qulqı, qılmısları boyınsha);

- tekstte jawız ha’m rehimsiz unamsız personajlardı salıstırıp biliw, olardın’ qorqınıshlı ha’m tınıshsızlandırıwshı namaları (mısalı, Aqshaxan, Surtaysha. Tayshaxan, Babaxan, Toqtamıs obrazları) mektep oqıwshılarında unamsız qaharmanlarg’a degen jek ko’riwshilik, al unamlı qaharmanlarg’a – u’lken emotsionallıq qızıg’ıwshılıq sezimlerin oyatadı;
- qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’nerine, da’stanlarg’a, awızeki xalıq do’retiwshiligine qızıg’ıwshılıqtı arttırıw;
- oqıwshılardın’ qaraqalpaq da’stanlarına bolg’an qızıg’ıwshılıg’ın talqılaw ha’m bahalaw na’tiyjeleri;
- mektep ilajlarına arnalg’an ko’rkem ha’weskerliktin’ ha’r qıylı kommunikativ da’rejelerinde o’zlestirilgen bilim ha’m ko’nlikpelerdi iske asırıw ha’m sotsializatsiyalaw perspektivaların ashıp ko’rsetiw.

***Pedagogikalıq sistemag’a to’mendegi komponentler kiredi:*** motivatsiyalıq, informatsiyalıq-u’yreniwshilik, da’stanlardı teren’nen u’yreniw, teoriyalıq-a’meliy, do’retiwshilik-iskerlik, oqıw ha’m do’retiwshilik atqarıwshılıq. o’z betinshe bilim alıw, juwmaqlawshı. Sistema oqıwshılardın’ a’dep-ikramlılıq ha’m estetikalıq sana-sezimine ta’sir etiwdi na’zerde tutadı: oqıwshılardın’ a’dep-ikramlılıq ha’m estetikalıq bag’darlang’anlıg’ı; olarda joqarı a’dep-ikramlılıq sezimlerdi, tu’siniklerdi ha’m ko’z qaraslardı – estetikalıq ma’deniyattı, estetikalıq qabıllaw – pikirlew – talqılaw – sa’wlelendiriw (do’retiwshilikti), o’z betinshe iske asırıw uqıplılıg’ın qa’liplestiriw.

Bizler BBB (bilemen – bilgim keledi – bildim), «aqılıy hu’jim», «qosımsha soraw», «u’yreniletug’ın-viktorinalı», u’yreniletug’ın-qızıqlı, «pikirlew jumısı», «pikirlew wazıypası» ha’m t.b. usıg’an usag’an en’ aldın’g’ı ha’m interaktiv texnologiyalardan paydalandıq. Paydalanıw a’hmiyeti boyınsha metodlar sisteması (da’stu’riy ha’m innovatsiyalıq) qollanıladı:

İmpul’siv informatsiya; emotsionallıq a’dep-ikramlılıq ha’m emotsionallıq-estetikalıq qayg’ırıw jag’dayların jaratıw; salamat pikirlew metodı; tamamlanbag’an is-ha’reket effekti; tsentratsiya (dıqqat-itibar); intellektuallıq do’retiwshilik izleniw (da’stanlar tekstinde obrazlar – qaharmanlar, ta’biyat, naqıl-maqallar ha’m t.b. sıpatlamaların); da’stan qaharmanına qayg’ırıw, olarg’a eliklew; boljap biliw (da’standag’ı waqıyalardı); egotsentrlik so’ylew tili (oqıwshılardın’ o’zine qarata so’zi); salıstırıw (da’stanlar mazmunın, obrazlardı, olardag’ı waqıyalardı, ta’biyat ko’rinisin); ishki so’ylew tili (oqıwshılardın’ o’z-o’zi menen so’ylesiwi); breynshtorming; modellestiriw (da’stan kompozitsiyaları, qaharmanlar ha’reketi);

***Atqarıwshılıq o'nerine u'yretiwge oqıwshılardı to'mendegi belgiler boyınsha tan'law:***

- da'stanlar haqqında belgili bir tariyxıy-teoriyalıq bilimi;
- da'stanlardı qabıllaw uqıplılıg'ı;
- qızıg'ıwshılıg'ı ha'm ha'wesi;
- maqsetke erisiwde o'jetligi;
- dawısının' bar bolıwı, onın' ta'sirlilik o'zgeshelikleri;
- anıq diktsiya;
- namanı esitiw qa'bileti;
- ritmdi seziwshen'ligi;
- xalıq nama a'sbaplarında oynay alıw yamasa oynawg'a degen ku'shli ha'wesi;
- yadta jaqsı saqlawı;
- do'retiwshilik qıyalı, fantaziyası;
- texnikalıq usıllarg'a u'yreniwde uzaq dawam etiwshi shınıg'ıwlarg'a ha'm treninglerge uqıplılıg'ı;
- jarısıwg'a degen talpınıwshılıg'ı;
- tuwrı dene pishini (biologiyalıq, fizikalıq);
- erkin ha'reket;
- individuallıq.

***Oqıwshılar atqarıwshılıq o'nerin o'zlestiriw ushın to'mendegi za'ru'r jumıslar o'tkeriledi:***

- da'stan obrazlarına ha'm waqıyalarına kirip, namalı tekstke jaqın dawıs, emotsionallıq qosıq u'stinde islew;
- Jas baqsılar jarısqa – turnirge tayarlanadı (o'z repertuarı menen).
- Jeke, toparlarda, ja'ma'a'tlik, ha'r qıylı tematikalıq da'stanlardı u'yreniw boyınsha oqıwshılarg'a tan'lawına qarap ha'm qızıg'ıwshılıg'ına qarap tapsırma beriw. Tapsırmalardın' artıp barıwı boyınsha belgili bir sistemada qollanıladı:
- da'stan kompozitsiyaların, syujetlerin modellestiriw yamasa sxemalastırıw;
- qaharmanlar minez-qulqına ha'm waqıyalarg'a du'zetiwler kirgiziw;
- da'stanlardan qaharmanlardın' sıpatlamaların jazıp alıw, ta'biyattı, danalıq oy-pikirlerdi, naqıl-maqallardı ta'riyplew;
- a'psanag'a aylang'an ha'm ullı baqsı-jırawlar haqqında aytıp beriw;

- da’stanlarg’a arnalg’an taqmaqlar;
- da’stanlarda ta’riyplengen waqıyalardı saxnalastırıw;
- da’stanlar haqqında o’z ta’sirlerin su’wretlew, olarg’a su’wretler salıw;
- da’stanlar boyınsha ag’artıwshılıq lektorlıq materiallar tayarlaw.

***Solay etip, to’mendegi metodlar qollanıladı:***

- shaxs sana-sezimin qa’liplestiriwshi – a’dep-ikramlılıq ha’m estetikalıq tu’sinikler, oy-pikirler, ko’z-qaraslar, bahalawlar;
- mektep oqıwshılarının’ u’yreniwshiligin ha’m a’meliy iskerligin, minez-qulqın sho’lkemlestiriw;
- iskerlikti ha’m minez-qulıqtı turaqlastırıw.

***Mektep oqıwshıların ta’rbiyalawda qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’nerinen paydalanıw metodikasında to’mendegi belgiler ajıratıladı:***

- da’stanlardı qabıllaw – tu’siniw – pikirlew – sa’wlelendiriw (do’retiwshiliktin’ qa’legen tu’rinde);
- da’stanlardın’ patriotlıq belgilerdi, ko’rkem-estetikalıq usıllardı ha’m o’zgesheliklerdi u’yreniw – analizlew – sıpatlama – bahalaw (olar obrazlardı, ideyalıq mazmunın qalay ashıp beriwin);
- oqıwshılardın’ da’stannın’ unamlı obrazlarına «kirisiwi», «u’yrenisip ketiwi», qayg’ılanıwı, qaharmanlıq-patriotlıq ha’reketlerge birge qatnasıwı (a’sirese da’standı atqarg’anda);
- da’stanlardı oqıwshılarg’a tu’sinikli tilde u’yretiw, olardın’ motivine (dawısına) sa’ykes motivte olardı atqarıw;
- oqıwshılar jeke atqarıw materialın – da’stan repertuarların toplawı;
- da’slep da’stannan u’zindiler oqıw, son’ naması menen tolıq atqarıw (shıraylı ju’z ko’rinisi, jag’ımlı erin qıymılı, artistligi menen).

Oqıwshılardı joqarı a’dep-ikramlılıq sezimler – patriotizm ruwxında ta’rbiyalaw, qaraqalpaq ha’m basqa xalıqlardın’ awızeki xalıq do’retiwshiligi shıg’armalarına qunlı ko’rkem-estetikalıq qatnaslardı qa’liplestiriw, do’retiwshilik-intellektuallıq ha’m atqarıwshılıq o’zgesheliklerdi jedellestiriw, ha’r qıylı mektep ilajlarında payda bolg’an uqıplılıqlardı, o’zlestirilgen bilim ha’m ko’nlikpelerdi a’melge asırıwg’a umtılıwshılıq (sotsiallastırıw) ayrıqsha dıqqat orayında turadı. Solay etip, mektep oqıwshıların qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’nerinde ta’rbiyalaw

protsesinde oqıwshılardın’ ko’p jobalı iskerligi – u’yreniwshilik, o’z betinshe bilim alıwshılıq, intellektuallıq-do’retiwshilik, ko’rkem-do’retiwshilik, namalı atqarıwshılıq (uqıbına qarap), ag’artıwshılıq iskerlikleri a’hmiyetli orın tutadı.

Ulıwma bilim beriw mektepleri a’meliyatına olardı engiziw na’tiyjeleri qanaatlandırarlı da’rejede bolıp, islep shıg’ılg’an kriteriyalıq ko’rsetkishlerge sa’ykes keledi.

# *Juwmaqlaw*

1. Bul miynette ma'mleketlik bilimlendiriw hu'jjetleri u'yreniledi. Metodologiyalıq dereklerge, respublikamız mekteplerindegi jergilikli teoriya ha'm a'meliyatındag'ı mashqalalar jag'dayına analiz jasaladı. İzertlew temasının' aktuallıg'ı da'lillengen, ilimiy apparat islep shıg'ılg'an. Qaraqalpaq xalıq atqarıwshılıq o'neri – da'stanlar u'yrenildi, onın' ta'rbiyalıq potentsialı izertlenip, usının' tiykarında klasstan tıs jumıslar mazmunı du'zilgen. Mektep oqıwshıların ta'rbiyalawda qaraqalpaq xalıq atqarıwshılıq o'neri – da'stanlardı paydalanıwdın', baqsı ha'm jırawlardın' teoriyalıq-metodologiyalıq, kontseptuallıq, teoriyalıq-pedagogikalıq ha'm teoriyalıq-a'meliy negizleri anıqlandı ha'm islep shıg'ıldı. Mektep oqıwshıların ta'rbiyalawda klasstan tıs jumıslardın' mu'mkinshilikleri, izertlenetug'ın protsesste ta'rbiyanın' tiykarg'ı kriteriyalıq ko'rsetkishlerine – patriotlıq ha'm estetikalıq sezimlerdi keleshek a'wladlardın' shaxsın rawajlandırıw ha'm jetilistiriwdin' a'hmiyetli faktorı sıpatında erisiw ko'rsetildi. İlimiy tiykarlang'an teoriyalıq-pedagogikalıq ta'rtip ha'm juwmaqlar na'tiyjesine iye tan'lang'an mashqalanın' pedagogikalıq tiykarların islep shıg'ıw boyınsha ilimiy-pedagogikalıq izertlew alıp barıldı.

2. Oqıwshılardın' da'stanlardı u'yreniw boyınsha klasstan tıs sabaqlar bag'darlaması islep shıg'ıldı (klasstan tıs jumıslardın' mu'mkinshilikleri, o'zgeshelikleri ha'm spetsifikası esapqa alındı).

3. Printsipler, pedagogikalıq sistema, texnologiyalar, metod ha'm usıllar, metodikalıq usıllar ha'm metodika, oqıwshılarg'a tapsırmalar (o'z tan'lawına ha'm qızıg'ıwshılıg'ına qaray), sonın' menen birge innovatsiyalıq sistemalar islenip shıg'ıldı. İzertlenetug'ın protsessti optimizatsiyalawshı, oqıwshılardın' qaraqalpaq xalıq atqarıwshılıq o'nerine – da'stanlarg'a, olardın' patriotlıq ha'm estetikalıq mazmunına, atqarıwshılıg'ına degen qızıg'ıwshılıg'ın jedellestiriwshi sha'rt-sharayatlar anıqlandı.

4. Ulıwma pedagogikalıq, anıq-predmetlik, texnologiyalıq-protsessuallıq ha'm jeke-metodikalıq usıllar ha'm bag'darlar berilgen qaraqalpaq xalıq atqarıwshılıq o'neri – da'stanlardan oqıwshılardı (klasstan tıs jumıslarg'a) patriotlıq ha'm estetikalıq jaqtan ta'rbiyalawda paydalanıwdın' ko'rsetpeleri islep shıg'ıldı.

5. İzertlewdin’ ko’rsetiwinshe, ilimiy da’lillengen pedagogikalıq tiykarda paydalanılatug’ın, o’zinde a’dep-ikramlılıq – qaharmanlıq-patriotlıq ha’m estetikalıq – ko’rkem-estetikalıq potentsialdı ja’mlegen qaraqalpaq xalıq milliy baylıg’ı bolg’an da’stanlar, klasstan tıs jumıslarda mektep oqıwshıların ta’rbiyalawdın’ a’hmiyetli faktorı bolıp esaplanadı.

6. Eksperimental (ta’jiriybe) izertlewde oqıwshılardı ta’rbiyalawdın’ boljang’an kriteriyalarına erisildi. Bunnan tısqarı, ta’jiriybe jumısı na’tiyjelerinde to’mendegiler berildi: mektep oqıwshılarında joqarı a’dep-ikramlılıq, patriotlıq sezimlerin ta’rbiyalaw, qaraqalpaq ha’m basqa da xalıqlardın’ awızeki xalıq do’retpeleri shıg’armalarına qunlı ko’rkem-estetikalıq qatnaslardı qa’liplestiriw, oqıwshılardın’ ha’r qıylı mektep ilajlarında o’zlestirilgen bilim, ko’nlikpelerdi ha’m payda bolg’an uqıplılıqlardı a’melge asırıwg’a umtılıwı. Bunday na’tiyjeler alg’a qoyg’an maqsetke tolıq jetisiwdi, belgilengen wazıypalardın’ unamlı sheshiliwin, avtorlıq kontseptsiyanın’ ha’m gipotezanın’ tiykarlılıg’ın da’lilleydi.

## *Paydalanılg'an a'debiyatlar:*

1. Ayımbetov Q. Qaraqalpaq xalıq danalıg'ı. – No'kis: Qaraqalpaqstan baspası, 1982. - 101-b.

2. Alımov A'. Qaraqalpaq liro-epikalıq da'stanları. – No'kis: Qaraqalpaqstan baspası, 1983. - 88-b.

3. Азизходжаева Н.Н. Педагогические технологии и педагогическое мастерство. – Т.: «Фан». 1991. - 369 с.

4. Amaniyazov G'., Saytbekova S. Muzıka ma'deniyatı 5-klass. – No'kis: Bilim. 2005.

5. Аннамуратова С.К. Художественно-эстетическое воспитание школьников Узбекистана. – Т.: «Фан», 1991. - 369 с.

6. Кукушкин В.С. Теория и методика воспитательной работы: Учебное пособие. – Ростов-на-Дону: март, 2000. - 320 с.

7. Сайтбекова С.С. Использование исполнительского исскуства каракалпакского народа в воспитании школьников. //Монография. – Нукус: Издательство «Каракалпакстан», 2009.

## MAZMUNI

Kirisiw 3
I Bap. Oqıw-ta`rbiya protsesinde ha`m klasstan tıs jumıslarda qaraqalpaq xalqının` atqarıwshılıq o`neri materialları - da`stanlardan paydalanıw 4
II Bap. Atqarıw sheberligi materialların paydalanıw boyınsha do`gerek jumısları ………….. 11
Do`gerek jumısları bag`darlamasının` mazmunı 12
Testler, anketalar, sorawnamalar 31
Pedagogikalıq texnologiyalar 40
Oqıwshılardın’ klasstan tıs jumıslarda ta’rbiyalawda qaraqalpaq xalqının’ atqarıwshılıq o’nerinen paydalanıw boyınsha metodikalıq ko’rsetpeler 52
Juwmaqlaw 61
Paydalanılg’an a’debiyatlar 63

***Du'ziwshiler:***

***S.S. Saytbekova*** **– A`jiniyaz atındag`ı NMPİ Baslawısh ta`lim metodikası kafedrası u'lken oqıtıwshısı, pedagogika ilimlerinin` kandidatı.**

***G.M. Bayniyazova*** **- A`jiniyaz atındag`ı NMPİ Ulıwma pedagogika ha`m psixologiya kafedrası assistent oqıtıwshısı.**

# MEKTEP OQIWShILARIN TA'RBİYaLAWDA ATQARIW ShEBERLİGİ MATERİALLARIN PAYDALANIW

***(metodikalıq qollanba)***

**Tex. redaktor** ***U.B. Balımova***

**Operator** ***N. Nısanbaev***

**Operator** ***N.S. Reymov***

**A'jiniyaz atındag'ı NMPİ redaktsiya-baspa bo'limi**

**A'jiniyaz atındag'ı NMPİ kishi baspaxanasında basılg'an. 2013-j.**

**Buyırtpa №0012. Nusqası – 50 dana. Formatı 60x84. Ko'lemi 4 b.t.**

**742005, No'kis qalası, A. Dosnazarov ko'shesi-104. Reestr №11-3084**